ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЫДДОКІ

№182 (21.090) ● 2007 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр афІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и илъэс 70 юбилейм къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр афІэщыным:

Къазий Борис Сэрэбий и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм электросвязькІэ и Прохладнэ узелым и Тэрч район линейнэ-техникэ участкэм и унафэщІым

Шыхъуэстэн Амдулхьэмид Кысту и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и генеральнэ директорым и къудэсэм, «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 13-м
№65-УП

Хьэжырокъуэ С.Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр фІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Гъэзэджэм и лъэныкъуэкІэ иІэ фІыщІэхэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр **Хьэжырокъуэ Сулътіан Борис и къуэм** фІэщын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 13-м
№66-УП

Мэшыкъуэ Б. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэр илъэс 70 зэрырикъум къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Мэшыкъуэ Барэсбий Мурид** и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къудэсэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэм - Электросвязым и коммерческэ узелым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 13-м
№67-УП

ФІыщІэ зыхуэфащэхэм яхуэщІыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2007 гъэм фокІадэм и 13-м №57-РП

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэр илъэс 70 зэрырикъум къыхэкІыу фІыщІэ яхуэщІын

Артамонов Георгий Виктор и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и Налшык къалэ линейно-техническэ Іэнатіэ №2-м и линейнэ гуп №2-м телефон зэпыщІэныгъэмрэ радиофикацэмкІэ и Іэнатіэм кІапсэ гъуэгуэхэмкІэ и электромонтерым

Бэрэздж Мухьэрбий БетІал и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм электросвязькІэ и директэм электросвязькІэ и инженерым

Пак Виктор Иван и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и Прохладнэ район линейно-техническэ Іэнатіэм и линейнэ гуп №1-м электросвязькІэ и инженер пэрытым

Тюбеев Руслан Орусбий и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм электросвязькІэ и Налшык узелым и линейно-абонент Іэнатіэм и унафэщІым

Шондыр Руслан Мухьэмэд и къуэм - «Ипщэ телекоммуникацэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм электросвязькІэ и Аруан узелым телефон зэпыщІэныгъэмрэ радиофикацэмкІэ и Іэнатіэм кІапсэ гъуэгуэхэмкІэ и электромонтерым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

ЕджапІэщІэ къызэІуах

Президентри, министрри, егъэджакІуэхэри, сабийхэри щІэгуфІэн щхьэусыгъуэ дахэ щыІэщ.

Бахъсэн районым хьхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм дыгъуасэ тІысыпІэ 320-рэ зиІэ курыт школ къыщызэІуахащ. А Іуэхугъуэм куэд щІауэ ежьэрт къуажэдэсхэр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ щІыкІуэхр пщэдджыжьыкІуэрэ щэджагъуакІуэу зэщхьэщыхауэ еджэрт, абы къищынэмыщІауэ актовэ, спорт пэщ, щхапІэ жыхуэтІэхэр хэттэкъым.

ГУФІЭГЪУЭ зэІуищІэм яхуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен**, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр.

- Мы илъэсым кьриубыдэу мыр япэу къызэІутх еджапІэщ, - жиІащ Президентым. - ЕгъэджакІуэхэм я махуэм ирихьэлІэу сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къызэрэпэщауэ иджыри школ 11 къызэІутхынущ. Фэ псоми фІы дыдэу къывтгуроІуэ щІэныгъэ вбгъэдэлъым, еджапІэм къыщыфхь ехъулІэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур зыхуэдэнур зэрелъытар. Фыуэ феджэ, фи щІэныгъэмрэ Іэзагъэмрэ республикэр хуэныкъуэщ.

Бахъсэн район администрацэм и унафэщІ **Къаздэхъу Альберт** школыр ухуэным зи гуащІэ хэзылъхьа псоми фІыщІэ яхуищІащ икІи ухуакІуэхэм ахъшэ саугъэт яритащ. КъБР-м и Президентым и Администрацэм къыбгъэдэкІыу школым компьютеритху тыгъэ хуащІащ.

ЛентІ ильэсыжьыр зэпауплщІу, къыщыфхь ехъулІэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур зэрелъытар. Фыуэ феджэ, фи щІэныгъэмрэ Іэзагъэмрэ республикэр хуэныкъуэщ.

Бахъсэн район администрацэм и унафэщІ **Къаздэхъу Альберт** школыр ухуэным зи гуащІэ хэзылъхьа псоми фІыщІэ яхуищІащ икІи ухуакІуэхэм ахъшэ саугъэт яритащ. КъБР-м и Президентым и Администрацэм къыбгъэдэкІыу школым компьютеритху тыгъэ хуащІащ.

ЛентІ ильэсыжьыр зэпауплщІу, школым и директор Пщыхьэщ Хьэлий Іункъ ІыбзэІухыр ираты-жа иужь, еджапІэ кІуэцІыр къызэхапІъхьащ. Нэм илъагъум ущымыгуфІыкІын плъэкІыртэкъым, ар апхуэдизкІэ зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщащи. Классхэр хуитщ, нэхущ, дэтхэнэми зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр щІэтщ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен класс кьэс щІыхьэурэ еджакІуэхэм епсэльыпІащ, апхуэдэуи зэрыгъуэсу фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Залинэ.

●КъБР-м и Правительствэм

УнафэкІэ щІагъэбыдэ

ФокІадэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зэІущІэм Іуэхугъуэ 11-м щыхэпльащ.

АБЫХЭМ ящыщщ КъБР-м и Правительствэм «КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ яуэз объектхэм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм щыхъумэным теухуауэ» 2004 гъэм щІышылэм и 16-м, «КъБР-м Транспортымкіэ, связькІэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ» 2006 гъэм зэІущІэм и 24-м, «КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ» 2006 гъэм щыщхьэІум и 24-м, «КъБР-м Цыхухэр Іэнатіэкіэ къыхэзгъэпэщынымкІэ и Къэрал комитетым и Іуэхукіэ» 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м Правительствэм кьищта унафэхэр, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэ хэмкІэ и министерствэм теухуа Положениэм зэхъуэкІынырегъэхэр хэтъхьэныр.

Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ министр **Ерчэн Тембот э т** тепсэльыхащ 2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым агропромышленнэ комплексым зэрызыщыжьынур» республикэ программэ хэхам теухуа зак оным и проектым. ЗэхуэсахэР абы арэзы техьауащ.

ЗэхьхьэмкІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ хэми щыхэпльащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей** иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ абы и къудэдэ **ДышэкІ Надиж**, министрхэр, къэрал комитетхэм я унафэщІхэр, мунципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэгащхьэхэр, республикэм и Президентым и чэнджэщэгъуэхэр.

АГУАН Алий.

Премьер-министрыщІэ

Дыгъуасэ УФ-м и Къэрал Думэм Урысейм и Правительствэм и УнафэщІу хихащ Зубков Виктор Алексей и къуэр.

Абы и кандидатурэр кьыхилъхьат Президент Путин Владимир. Зубков и тельхьэу Іэ яІэтащ депутат 381-м, ар а къулыкъум хахьныр ямыдэу къэуващ депутат 47-р, адрейхэм Іэ яІэтакъым.

Буш и тельхьэхэр нэхь мащІэ мэхьу

США-м и президент Буш Джордж телевиденэмкІэ лъэпкъым защыхунгъаэм жиІащ американ зауэлІ мин 30 етІанэгъэ Ираким кьызэрыпашьыжнур.

Ауэ адрей зауэлІ мини 130-р Ираким и щІынатІэм иджыри илъэси 10-кІэ щагъэІэн хуейуэ кьелыытэ. АбыкІэ арэзыкъым конгрессым нэхьыбапІэр щызыІыгъ демократхэр. Апхуэдэу Ираким щригъэкІуэкІа зауэм США-р кьыщыхагъэщІауэ икІи абы американ зауэлІ псори икІэщІыпІэкІэ кьрашыжьын хуейуэ кьагъуэ кьэралым и щІыхь куэдым.

Псыр ярикъуркъым

Туапсе псынщэу кьыщынащ щІыху мин 12-м щІигъу.

Кьалэдэсхэм зэфэну псыр кьомэщІэкІ мыгъэрей гъэмахуэр хуабжьу уэгъуу зэрыщытам кьыхэкІыу. ЩІыпІэм накьыгъэ мазэ лъандэрэ уэшх кьыщешхакъым, псы кьыщІэощыпІэхэр щыгъуащ. ЦІыхухэм псы хуашэ автотранспорткІэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 15, щэбэт

◆Гватемалэ, Гондурас, Коста-Рикэ, Никарагуэ, Сальвадор республикэхэм я лъэпкъ гуфІэгъэщ - къэралхэр щхьэхуэ щыхуэа махуэщ (1921).

◆1937 гъэм къызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал дениститутыр.

◆**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 47-м, кьуэхьэнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 18-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 31-рэ.**

ФокІадэм и 16, *тхьэмахуэ*

◆ **Озонщыхьэр хъумэным и дунейпсо махуэщ.**

◆Мексикэ Щтат Зэгуэтхэм я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1810).

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 48-м, кьуэхьэнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 19-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 28-рэ.**

ФокІадэм и 17, *блыщхьэ*

◆Илъэс и пэкІэ (2006) къамылъыта Преднестровье республикэм референдум щекІуэкІащ щІыналъэр щхьэхуэуу щытыным теухуауэ. ІэІэтым хэтхэм я процент 97,1-р къэуващ Преднестровьер щхьэхуунту щытыным и тельхьэу.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 49-м, кьуэхьэнущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 14-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 25-рэ.**

Ди Іэдакъэхэр зыхьэзыхьэхэр
ШАЛ Мухьэмэд.

Хьэм гнэхьэр теуІуакъым.

●ЗэІущІэхэр

Сыхьэтрэ ныкъуэкІэ

Ирагьблагъэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и зыгъэпсэхупІэ щІапІэм ирегъэблагъащ Иорданием и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ, генерал-майор Молэ Исхьэкъ.

АХЭР тепсэльыхьащ иордан-урысей зэхущытыкІэхэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэмрэ Амман щыІэ ФІыщІэ Хасэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуным теухуауэ лъэкьыпхъэхэм. Апхуэдэу абыхэм и гугъу ящІащ Налшыкрэ Амманрэ я зэхуакум кхъухьлъатэ дэтым, Иорданием и кьалащхьэм КъБР-м и сату Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІын Іуэхущ1апІэ кьыщыщІэІуэным зэрыхуейм, нэгъуэщІ упщІэ куэдри къаІэтащ.

Сыхьэтрэ ныкъуэкІэ екІуэкІа зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псальэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**, «Къэббалъкъгаз» ОАО-м и унафэщІ **Молэ Арсен** сымэ.

●ЗэІущІэхэр

УнагъуэщІэхэм къахохуэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и правительствэм іджыблагъэ кьызэритамкІэ, «ПсэупІэм лъапІэ проектым ипкъ иткІэ, кьуажэхэм щыІэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм псэупІэ кьызэращэхуфын субсидиехэр ираты нущ. Ахъшэр щІыпІэ бюджетым кьыхэкІынущ.**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и правительствэм и лэжьакІуэм зэрыжиІамкІэ, «КъШР-м и кьуажэхэм зеГъуэкьын» щІынальэ проектым ипкъ иткІэ, унагъуэ 90-м ильэс блэкІам псэупІэ щхьэхуэхэр ягъуэтащ. Ахэр псори Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэу жылагъуэхэм щылэжьэну кьэкІуэхэрщ е еджапІэхэр кьэзэуухэу кьэзыгъэзэжахэрщ. Псори зэхэту щІынальэ федерал проектхэм я фІыгъэкІэ ящыщ 254-рэ псэупІэкІэ кьызэпэщащ.

2007 гъэм республикэм и бюджетым сом мелуани 101,6-рэ кьызэкІынущ унагъуэщІэхэмрэ зэумыщІауэ псэухэмрэ щхьэкІэ.

Щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и къызэрыпамкІэ, абхъазыр боксер, Европэм и чемпион Бжание Георгий бзаджащІэхэм зэшІзэпІэу яуІащ.***

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Абхъазымрэ спортымкІэ я мастер Бжание Георгий фокІадэм и 6-м и уиф бжьыпэм деж пщыхьэщхьэм автоматкІэ щауІащ. БзаджащІэхэр щІэпхъуэжащ. ЩІыпІэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм спортымкІи щІэрыІуэр щІауІкІи хуей хъуам и щхьэусыгъуэр иджыпсту зэхагъэкІ. Прокуратурэм и лэжьакІуэхэм кьызэратамкІэ, ар щІапІэм и Іэщ1агъэм, спортым пыщІауэ щыткъым.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Дзэрпэджэж мотикхэм - автомобиль, Аушыджэр къэфакІуэхэм - адыгэ фашэ

Шэрэдж районым иужь щихьащ КъБР-м и Президентым кьалэн ящыщІахэр гъэзэщІэным, абыхэм хухаха ахьшэм щыщу япэ сом мелуани 2-рэ мин 288-р кьагъэсэбэпри.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьнщи, Президентым пщэрылъ ящищІ апхуэдэ Іуэхугъуэхэм я спискэр сыт щыгъуи зэхалъхь республикэм и Іэтащхьэр район гуэрым щыІа неужь. А процент хуэунэтІащ районыр зэІузэпэщІыным, социально-экономикэ щытыкІэр щегъэфІэкІуэным. Ахэр гъэзэщІа хъун щхьэкІэ, зыхуей мылькур район бюджетым кьыщалъхьуэркьым, атІэ республикэ бюджетым щыщу аргуэру хухах, Президентым и фондым кьыхокІ.

Президентыр Шэрэдж районым щыІа нэужь, дэтхэнэ кьуажэми ехьэлІауэ пщэрылъ ящищІахэр зыбгъупщІым ноблагъэ. Гулыт-тэнэшэу кьэнакъым школи, щэнхабзэмкІэ уни, зыншагъэр хьумэным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм я зы объекти.

Кьапщтэмэ, Джэрпэджэж амбулаторэм ираташ ВАЗ-2105 автомобилыр. Курыт школым линолеуму метр зэбгъуэзнатІэ 300, щхьэгъубжэ абджу 180-рэ щызэрахьуэкІащ. Мэжджытым и пщІантІэр зэІузэпэщ щыным трагъэкІуэдэн ахъши хухахащ.

МашинэщІэхэр Іэрыхьащ Къарэ-Су кьуажэми. Абы дэт амбулаторэм автомобиль псынщІэ, курыт школым - автобус ираташ.

Безенги курыт школым спорт Іэмэпсымэу сом мини 100 и уасэ кьыхуащэхуащ.

Бабыгуент сом мини 120-рэ хухахащ канализацэ коллекторым и етІуанэ чэзыр ухуэным трагъэкІуэдэн щхьэкІэ. Абы кьищынэмыщІауэ мыбы щыщІадзащ котельнэр реконструкцэ щыным, чыристаныкхъэм екІуалІэ гъуэгур зэгъэпэщыжыным, кьуажэм и дыхьэпІэр, амбулаторэмрэ сабий садымрэ я пщІантІэхэр зэльыухыным.

Аушыджэр кьуажэм музыкэм щыхурагъадж школым и унащхьэ зэрахьуэкІащ, школымрэ сабий садымрэ щхьэкІэ унэльащІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм зыхуей Іэмэпсымэхэр, льэпкъ кьафэмкІэ ансамблым сценэм кьызэрихьэн фащэ кьащэхуащ. А псом ящыІыжькІэ кьуажэм щыщІадзащ псы кьижьыпІэмрэ спорт залымрэ реконструкцэ щыным. Кьуажэм дэт котельнэр зэрагъэпэщыжащ.

Балъкъэр Ипщэм газ щэныр зэфІагъэкІащ. Абы дэт курыт школитІым я пщэфІапІэмрэ шхапІэмрэ щхьэкІэ оборудованэ, спорт Іэмэпсымэхэр, унэльащІэ кьащэхуащ. Псы зэрыкІуэ бжьамийуэ зы километ-ныкъхьэм екІуалІэ гъуэгур зэгъэпэщыжыным, кьуажэм и дыхьэпІэр, амбулаторэмрэ сабий садымрэ я пщІантІэхэр зэльыухыным.

Аушыджэр кьуажэм музыкэм щыхурагъадж школым и унащхьэ зэрахьуэкІащ, кьуажэ мэжджытым и пщІантІэр зэІузэпэщ зэращІын ахъшэ хухахащ.

Зэрэгъашэ кьуажэм и администрацэр зыщІэхэм унэ, Щэнхабзэмкіэ унэ, дохутыр амбулаторэр зыщІэсын унэ яухуэну я мурадщ. Жэмтхьэлэм псы зэрыкІуэ бжьамийуэ километри 2 щызэрахьуэкІащ. «КъБР-м и Президентым пщэрылъ кьэхтыуищІахэр иридгъэзэщІын щхьэкІэ ди районым щыщхьэІу мазэм и кІэм аргуэру сом мелуани 2-рэ мин 460-рэ хухахащ, - жиІащ Шэрэдж районым и администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махьти. - Ахьшэр ятедгъэщащ ар зыхухаха Іуэхугъуэхэм».

МЕЧИЕВ Асхат,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакуэ.

●Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэм и лэжьакІуэхэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу ди гуфІэгъуэмкІэ - Мэзым и лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ!

Мэзыр экономикэ, экологие кьулеигъэ кьудейкъым, атІэ цІыхубэр зыхэпсэукІщ. Мэзыр кьытхуоупсэ ерыскъыкІэ, хуабжькІэ, узынщагъэкІэ, ар зыгъэпсэхупІэщ, щыщакІуэ щІыпІэщ. Си гуапэщ мэз хозяйствэм и лэжьакІуэхэм, мэз Іэнатіэм и ветеранхэм, апхуэдэу пхъэм елажь псоми республикэм и мэз кьулеигъэхэр хъумэн, гъэбагъуэн, нэхъ фейдэшхуэ пылъу кьагъэсэбэпын я Іэныкъуэкіэ ехъулІэныгъэхэр кьахьыну, фэри фи Іыхьлыхэми узынщагъэ быдэ, насыпэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну.

МЭШЫКЪУЭ Хьэсэнбий
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ.

ЗэІущІэхэр ■ Дунейпсо Адыгэ Хасэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

ГукъэкІыжхэр ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Республикэм и щІыхухэм, орденхэщхэмрэ медалхэмрэ гуэрыгуэрхэм я ныбжьыкІэ

КъБР-м и УФПС-м хъыбар фегъащІэ 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьаІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдэзэным зэрыщІидзамкІэ.

Нэхъ фызыхуей, фыдзэыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тевдзэ!

Фэ кьащІыфпоплъэ республикэм связькІэ и пощт кьудамэ псоми.

КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

Стіаш Зухьеррэ (*Дамаск*) **Молэ Исхьэкьрэ** (*Амман*).

НэкІацэ Владимиррэ Бэрэздж Барэсбийрэ (*Налшык*).



Къумахуэ Мухьэдинрэ (*Москва*) **Хьупсырокъуэ Хьысырро** (*Черкесск*).

Дунейпсо Адыгэ Хасэ (ДАХ-м) и зи чэзу зэхуэсыр фокІадэм и 9-м Налшык щекІуэкІащ. Ар ащыгъэІуихри, жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт кІыгъэхуэсахэм я щІэхэр кІри-Іуащ, зытепсэлъыхьыпхъэ Іуэхугъуэхэр игъэбелджыщащ.

ЯПЭ щыкІэ ДАХ-м и саугъэтхэр, щыхь тхылъхэр, дамыгъэхэр иратащ Дунейпсо адыгэ зэщІэхьееныгъэм бжыыпэр щызыІыгъ лъэпкъыпІхэм, адыгэ щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІахэм.

Щыхь тхылърэ дамыгъэрэ лъагъэсащ ДАХ-м и ятэрэт тхьэмадэ щыта **Къалмыкъ Юрэ** и унагъуэм. А тыгъэхэр Къалмыкъым и щхьэгъуэ Октябрьрэ зэрыкуэгъэхьыпхъэм и гуп щищым, ДАХ-м и кІыхьэгъэпэщакІуэхэм ящыщ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ **Нало Заур** кІыжьащ мыпхуэдэу:

- Дунеим адыгэлІ нэсу зы тетамэ, ар Къалмыкъ Юрэт. Абы и псэр щІитар дэращ. Ар зэи щыгъупщэ хъунукъым. Юрэ и цІэр мыкІу зэдыну, и пщІэр лъагэу дапщэщи щытыну Тхьэм жиІэ!

ДАХ-м и тхьэмадэу щыта **Акьбащ Борис** хуагъэфэща щыхь тхылъымрэ дамыгъэмрэ иратыжащ абы и кІуэ Аслъэн. И адэм и фэеплъыр куэдым зэращымыгъупщэр зэригуапэр и псальэм кІыхигъащри, **Акьбащ Аслъэн** кІыхьэхуэсахэр кІигъэгугащ езыри гуащІафІэу адыгэ Іуэхуэхэм телъэжьну.

ДАХ-м и Щыхь тхылъымрэ дамыгъэмрэ иратащ куэд щІауэ щэнхабзэм и зыужьныгъэм хэлІыфІыхь, Налшык кІалэм и «Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахьстэн**, жылагъуэ зэгухьэныгъэм ильэс куэдкІэ хуэлэжьа **Къуэдзокъуэ Анатолэ**, Сирием щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэу ильэс 16-кІэ лэжьа **Абаазэ Шэрэф**, еджагъэшхуэ, «Адыгэ щэнгъуаэзм» и редактор нэхъыщІхьэ **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.

Нэхъапэм унафэ зэращІамкІэ, ильэситІ кІэс ятынущ ДАХ-м и саугъэтхэр (дипломым, дамыгъэм доллар мин щыгъуу). А Іуэхум телажьэ комиссэм и жэрдэмкІэ литературэм щынэхь лэжьыгъэфІу кІалЫытащ усакІуэ цІэрыІуэ **Бещтокъуэ Хьэбас** и «Дуней телъыджэ» тхылъыр. Щэнхабзэм хуэхаха саугъэ тыр лъагъэсащ Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и ар тист, Адыгеим, КъБР-м, КъШР-м я цыхубэ артист **Тут Заур**. ЩІэныгъэ Іуэхуэхэм щиІэ зэфІэкІыр кІалЫытэрэ, ещанэ саугъэтыр иратащ тхыдэтх цІэрыІуэ **Хьуэткъуэ Самир** (Мейкъуапэ).

Зэхуэсым зэтахэм хъуэхъуфІхэр хуаІэтащ адыгэ тхакІуэшхуэ **Мэшбащ Исхьэкъ**, зи ныбжьыр гъэ кІуам ильэс 75-рэ ирикъуам, адыгэхэм я тхыдэм теухуауэ тхылъ купщафІэ зыкъом зи кІалЫымэм кІыщІэкІам. ДАХ-м и тхьэмадэр Мэшбащ Іуэхуэпсау сурэт гъэззэджкІэ.

- Адыгэгу зыкІуэцІыпъ защІэщ мы зэхуэсым щыхьэлІахэр, - жиІащ Исхьэкъ, - си гуапэу сыныбохьуэхьу псоми. Т хьэм фи мурад дахэхэр кІывигъэхъулІэ!

Адэкіэ зэхуэсым хэтхэр едэІуащ «Адыгэ Хасэ» зыбжанэм я унафэщІхэм я къэпсэльэныгъэхэм.

Иорданым щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм иужьрей ильэсым илэжьам и гугъу ищІащ абы и тхьэмадэ, генерал-майор **Молэ Исхьэкъ**. Исхьэкъ зэрыжиІамкІэ, Амман щылажьэ шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэр мазэ блэкІам ильэс 75-рэ ирикъуащ. А кІэхъугъэр Іэтауэ Хъэшимит къэралым щагъэлъэпІащ.

Хасэм иІэш школ, адыгэбзэ щаджж. Абы щІэсхэм я бжыгъэр 800 хуэдиз мэхьу. МылькукІэ хуэмышІауэ псэухэм мазэ кьэс ахъшэ ират, ягъашхэ, ядоІэпыкъу. Студент**эр** Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Адыгеймрэ щрагъаджэ. Спорт клуб хъарзыни щыІэщ, щІалэгъуалэм я зэхуэсыпІэу. Хасэм щагъэхьэзыр адыгэ шхыныгъэхэр. Ахэр куэду ебгъэщІ хъунущ, нэхъ пасэу пщафІэхэм яжеІэурэ.

- Ди гуапэщ Адыгеим, Къэбэрдеим, Шэрджэсым, Шапсыгъым никІыурэ ди лъэпкъэгъуэр ныззэрытхуэкІуэр. ИкъукІэ дыщыгуфІыкІащ иджыблагъэ Адыгеим щыщ «Нэху» сабий ансамблыр дызэрихьэщІам, Нэхущ Чэрим и уэрэд дахэхэмкІэ дызэригъэгушхуам.

Езым и Іуэхущафэхэм тепсэльыхьуурэ, Молэм къиуэтащ къэрал зэмыдзэкІэ зэрыкъуэхэм щекІуэкІ зэІущІэхэм зэрыхэтыр, нэгъабэ Санкт-Петербург зэрыщІар, адыгэ Іуэху щызэрахуэ дэтхэнэ щыпІэхэми нэсыну, сэбэп щыхьуну зэрыхьэзырыр.

Щам щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ **КІэрыкІуей Ахьмэд** зэхуэсым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ а къэралым ди лъэпкъэгъуу 130.000 зэрыщыпсэум, ФІыщІэ Хасэм и къудамэу хы зэрыщыІэм, сабийуэ минитІ хуэдизым анэдэльхубзэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ зэрыригъэджэм, Дамаск дэт клубым щІалэгъуалэр щІэх-щІэхыуэ зэрыщыІэхуэсым, кьафакІуэ ансамбль къарзынэ зэрэІэм. Жылагъуэ щхьэхуэхэм щрагъэкІуэкІ псапащІэ Іуэхуэхэм зыубгъуауэ тепсэлъыхьа нэужь, Ахьмэд ибзыщІакъым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэр кьаззэремэщІэкІыр, методикэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Мыпхуэдэ гупсыси къигъэнэІуащ: Сирием щызэдоІэпыкъу, хъарзынэу щызэдолажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм (КъАХ) и тхьэмадэ, тхакІуэ, щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хьэфыщ Мухьэмэд**, езыр зи унафэщІ зэгухьэныгъэм и зэфІэкІхэм тепсэлъыхьащ:

- Илъэсибл хьуауэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм сриуэнафэщІ. Ауэ зи гугъу сщІынур иужьрей ильэс закъуэм диІа лэжьыгъэрщ. Абыхъэм ящыщ нэхъ гу зылыгтапхьэу собж «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр, ильэсибгъу ауэуэ едгъэжІуэкІыр. Апхуэдэ зэпеуэр дэ диІэ хьуащ ЮНЕСКО-м къигупсысыным зы ильэс ипэ. Гурэ псэкІэ догугъу мы лэжьыгъэм. ДэІэпыкъуэгъу куэд диІэщ. Сабийхэм я еджэныгъэм щІадзэжащ, зэпеуэр едгъэкІуэ минхэр зыхэтыр, мыгувэу едгъэжьэжьнущ. Инщ зи гугъу сщІы Іуэхум и мыхьэнэр. Ди гуапэ хуэнт зэпымыууэ зызыыбгъу зэпеуэ щхьэпэр (абы кьыхэтшащ КъШР-ри, ди гуъэнэгъу балькъэрэри) хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ялъэІэсатэмэ...

Адэкіэ Хьэфыщ Іэм кьыхигъэщащ КъАХ-м и кьудамэ нэхъыщІхэм (Налшык, Бахьсэн, Джылахьстэней, нэгъуэщІ куейхэми щыІэм) я Іуэхущафэхэр; тепсэлъыхьащ Мэздэгу адыгэхэм, шапсыгъхэм, Краснодар краймэ хиубыдэ Успенскэ районым щыпсэу Щхьэщэхуэ, Кургъуокъуей, Бэчмырзей жылагъуэхэм пыщІэныгъэфІ зэрыхуаІэм; кІыгтеувыІащ «Нарт» газетым и кьудэкІыгъуэ зыбжанэр, «Всадник чести», «Правда и кривда», «Хамэщым ваГуэхэр щоужьых» тхылъхэр, Мэшбащ Іэм и Іэдакъэщ Іэкіэуэ «Ридадэ», «Адыгэхэр», «Къуэкіыпіэмрэ Къуэхэпіэмрэ» романхэр, «Къэбэрдей-Балькъэр» сурэт альбомыр, «Адыгэ псальэзэбгъэдзыр» дунеим кьыззэрытехьам; сурэтгъэльагъуэхэр («Черкесское зарубежье», «Адыги на земле своей живут») кьыззэрыІэрагъэпэщам, ди лъэпкъэгъу щэрыІуэхэм я сурэтхэр, бгъэхэІу дахэхэр зэрагъэхьэзырам.

А тхылъхэр, сурэтхэр, бгъэхэІухэр Хьэфыщ Іэм хамэ къэралхэм кьыкІэ хьэщІэхэм яхуигуэшащ.

Зэхуэсым купщафІэу кьыщыпсэльащ еджагъэшхуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балькъэр ЩІэныгъэ центрым и унафэщІ **Иуан Петр**. Абы, щапхьэ Іуащ Іэкъ кьихьурэ, и гугъу ищІащ адыгэхэм я тхыдэм пыщІа кьэхъугъэ щхьэхуэхэм, ди лъэпкъыр зищІысыр Урысейм и унафэщІхэм нэхъапэхэм дахэ-дахэу, кьаг урымыІуэу, кьагурыІуэныр хуэмейуэ зэрыщытам, ди зэманми апхуэдэ Іуэху еплыкІэм ину зэрызимыхьэжам. «УэнщІысыр фІыуэ зымыщІэм пхуэфащэ пщІэи кьыпхуищІынукъым», - кьыхигъэщащ щІэныгъэлІым. И псальэхэр щигъэбзыдащ ди лъэпкъыр фІыуэ кьэзымыльагъу кьулікьуэзехьэхэм я тхыгъэ щхьэхуэхэмкІэ. Сыт -тІэ тщІэн хуейр? Иуаным кьегъэув кьэбэрдейм, шэрджэсхэм, адыгейхэм ди бзэр нэхъ зэгъэунэгъу зэхуэтщІыпхьэу. «Ар зэ дгъэхьулІэн папщІэ, сэбэп кьытхуэхуфынущ Информатикэмкіэ институтыр. «Электрон псальалъэ» кьыззэдгъэпэщыну иужь дихьащ. Интернетым хэп щІыкІэ итлъхьэнущ адыгэурыс, нэхъ иужьыдэкІэ, адыгэ-инджылыз, адыгэхьэрып псальалъэхэр, - жиІащ Иуан Петр. - Ди институтым и лэжьакІуэхэм ди пщэ дыдольхьэж а Іуэхум пыщІа кьалэн нэхъыщхьэхэр. ДАХ-ри зыкъомкІэ дэІэпыкьуэгъу кьытхуэхъуфынущ. СфІэтэмэщ эгъуфІуэныгъэ зэтщІылэныр».

Зэхуэсым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгу, тхыдэ щэныгъэхэм я доктор **Думэн Хьэсэн** ДАХ-м и Тхьэмадэм и кьудэзэ **Гукіэ лІ Налбий**, (Мейкьуапэ), нэхъыжьхэм ящІэлэжьэныкІэ программэм тепсэлъыхьа **Машхуэфі Нэждэт**, нэгъуэщІхэри.

Дзэмыхь Къасболэт, кьыззэхуэсахэм зыкьыкІалэхэр кьыззщІикъуэжри, ДАХ-м кьыпэщыт кьалэныщІэхэм тепсэлъыхьащ. Абыхэм теухуауи зэхуэсым унафэ пыуХыкІахэр кьыщащтащ.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.



2007 гъэ, фокІадэм и 9

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Советыр йокІуэкІ.



Мэшбащ Исхьэкъ и фІыщІэ псальэ.

Мэшхуэфі Нэждэт (*Мейкьуапэ*).



Налшык кьалэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ефэнды Джылахьстэн и лэжьыгъэр ягъэлъапІэ.



ДАХ-м и саугъэтыр Дзэмыхь Къасболэт усакІуэ цІэрыІуэ Бещтокъуэ Хьэбас (*Налшык*) **ирет.**



Хьуэткъуэ Самир (*Мейкьуапэ*) **щІэныгъэ Іуэхуэхэм щиІэ зэфІэкІыр ДАХ-м кьыхьэлІ.**
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъыр къэзыхъумэр



● Ди хьэщІэхэр

Абаазэ Уэлиндрэ Шэрэфрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Республикэм Іыгъуэ щекІуэкІа махуэшхуэхэм къыргъэблагъа хамэ къэрал хьэщІэхэм яхэтащ Абаазэ Шэрэфрэ Уэлиндрэ. Ахэр ящыщщ. Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. Шэрэф и Іэщ-щІагъэкІэ докутырщ, а къэралым и парламентым къуэдрэ хэтащ, ильэс 16-кІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытащ, иджы зегъэпсэху, езым зэрыкиІэмкІэ, кьыкІэхьыныгъэу щІэбгъэкІам гъэуэту ирет, абыхъэм я зэфІэкІхэр ягъэуэнхуэу пащІэ. Шэрэф и къуэш Уэлиндрэ Сириемрэ Москвам Налшыкы щыІащ.

- ДЭ ЖУАБЖЬУ ди нэр кьыхуэкІырт мы махуэшхуэхэм дыкъэкІуэну, зэІущІэхэм дыкърихьэлІэну, - жаІэ зэкъуэшхэм. - Къэбэрдеиф Урысеим зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум иращІэкІ гуфІэгъуэ зэхуэсым хамэ къэралт щыпсэу адыгэхэр, дэнэхъ дызыщыгъуазэр Сириемиса и епльыкІэращи, езыхэм я дежкІи хэкум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я дежкІи икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэу ещІыгъуэ. Псом яІэу махуэшхуэм гупсысэу дэхэтхар мыращ: ильэс 450-кІэ зэзэбэжьыжмэ, абы щыгъуэми адыгэхэм я Іуэху еплыкІэхэр зэтехуэрэтэжьыну. Зы гупым Урысейм къуэувэныр нэхъ пэжу кьаТыгъэ, адрейхэм дамэгъу зыхуэхъуэн хуейр Юсмэн империер арауэ жаІэу зэпэщІэуэвэныгъэшхуэ кьэхъуат. УрысеймкІэ зезыгъэщІхэр нэхъ мащІэми, абыхъэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр нэхъ жьыжьапІпэу кьыззэрыщІэкІар нобгрей махуэшхуэм эрэпльагъу кьыщІащ.

Лъэпкъ щыкІуэм и щхьэ ирихъуэжьыну Іэщэу иІэ закъуэр и акъыпырщ, арыншауэ кьаРуКІэ кьыпхуэхьын щыІэкъым. А зэманым лъэпкъым и пашэу щытахэм ар фІы дыдэу кьагурыІуатн, Урысеим мамырыгъэкІэ кьуэувэну, я пэжагъэр благъагъэкІэ ягъэбыдэну пъэбакъуэ ин ячат. Зи гугъу тщІы пІэхъэнэм Урысеир хьарзынэу зызэжьа къэралыгъуэ лъэщу щытащ, абы еплъытмэ, Уэсэмэн империем и дахуэхыгъуэт, укъуэзвэкІи, абы кьару гуэри бгъэдэмыплъажьу икІи абы и телъхъэ хъуауэ щытахэм я Іуэху зыхуэкІуари тхыдэм ибзыщІакъым: хэкум икІа адыгэхэр дэнэ зауэбанэ щыІэми щагъэззэауат, а псом ди лъэпкъэгъуэхэр бэлыхь хэмыкІ ящІащ, я бзэри, я хабзэри ящыгъупщжьыным нагъэсащ.

- А тІэ, хэжэ адыгэхэм Хэкумкіэ сыт хуэдэ гугъапІэхэр яІэ? Къэкіуэжьи и Іуэхукіэ зэхъуэжьыныгъэщІэхэр махуэшхуэм кьыдэкІуэну щыІэкъым?

- Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбэм я гугъапІэхэр адэжь ЛъахэмкІэпхащІ. Пэжьыр жыпІэмэ, куэд дыдэкІэ кьоГугъэ, кьыззэрыкІуэжьи Іэмалхэр нэхъыфІ ящыІыным, Іуэхум и зэкІыпІэхэр убыдыуа хьуным пошпІэ. Ауэ Хэкум къагъэззжьным кьалэн мытынШхэр пыщІащ, зы щІыхь-цІыхьуитІ кьэкІуэжькІэ ирикъуркъым, унаГъэу укъэжьІащ ильэсыкІэ, абы Іуэху куэд пыщІащ, - жеІэ Шэрэф. - Си гугъэмкІэ, абыкІэ кьалэн нэхъыбэ зи пщэ кьыдэхуэр адэжь щыІанатъэм щыІэжащ, ар адыгэу е урыс щхьэпэ, здэтІыкрэ мы Іуэхум зэ ирипсалъэмэ, пхуэзфэмыкІын гуГъуэхьыхуэ пыитькъым. Кьэжьуэжхэми я фІагъ Урысеим емыкІмэ, зэран кьэзыІэжьыкъым яхэткъым, щІыхуфІхэщ, шыІэныгъэ яхэлъщ, гъэжьаКІуэшхуэжщ.

Ауэ Іэмалынышэу хамэ къэралхэм кьыдэхэм нэгъуэщІхэр яхоІэбэрри, Урысеим пэщІагъэуэвэну хэтщ. Зы гупыр хуейщ Кавказыр Урысеим кьыхэкІыну, адрей гупым, дэ дызыхэтым, ящІоІэ ар кьэхъункІэ Іэмал зэримыІэр. Нобэ зы пІэлъпІэ щыкІу щыІэжькъым и закъуэ псэуэу, - и фІагъыи кьыззкІынщ, сэбэпи сыхуэхъунщ- жаІэу къэралышхуэхэм кьуэмыуВаауэ. ЕтІуанэ зэхуэсым Европэм къэралыгъуэ ирыщІыкІащ, нэмыщІхэм Франджыми, Инджмылзми я кьаладжьхэзэр зэрракъутащ. Зэтращэсхьащ, я щІыхуэхэр зэтраукІащ, иджы ахэр ящыгъупщэжри зы зэрыгъэхьуну зэгурыІуащ, кьыдэкІуэтей я щІэнэр зэрыльытыпи, якІум зауэбанэ кьыдэмыхьуэжьи щхьэкІэ. Европэм иц щІыхуэхэм я паспортхэр зы ящІащ, псоми я зэхуэдэ ахъшэ щызокІуэ, гъунапкъэхэр зэІухащ. Ауэ дэтхэнэ зыми езым и бзэр, и хабзэр, щэнхабзэр зэрехьэ, я Іуэху зэрахуэнКІэ пэрыуэ яІэкъым. АтІэ адыгэхэм хуэдэ лъэпкъ щыкІуэхэр Урысеим зэкІыу хэт зыкъуэувэнур?! «Америкэм дыкъуэувэнщ! Америкэм дыкъыхьэщІ» - жызыІэхэри щыІэщ, ауэ Америкэм игъащІэм лъэпкъ щыкІу кьихъужакъым, щыхуэхэми хуеякъым. Зыхуэярн иджыри зыхуэщІэкъури щІымрэ абы кьыт хъуГъуэфІыгъуэхэмрэщ. Европэри апхуэдэ кьабзэщ.

Мы зи гугъу сщІыхэр псоми ящІэ, гъэпщкІуа гуэри хэтъыжкъым. Ди лъахэм нужьрей ильэсхэм бырсыру, хьэргъэшыргъэ кьихъуэхэм кьакъуэтхэр ахэращ. Кавказыр Урысеим кьыпатхъыну, Балканым иращІам хуэдэ бэлыхьхэр кьыззэщІагъэстыну хущІэкъуэхэми, Урысейр зэхэкъутэпныр зи хьэпсапІэжьми я мурадхэр иджы наІуэ.

Дызэрыщыгъуаззщи, нобэ США-м партитІ иІэщ: демократхэмрэ иджыпсту тетыгъэр зэй республиканхэмрэ. Абыхъэм зэзэмызэ зыгуэрхэр зэпуэбыд щхьэкІэ, тІуми Урысеим кьыхуамурадыр зыщ: кьэраралр гъльэпсынращ. Нобэ нэхъ зыщыщыІэнуэн зыфІэкІыкІыну кьэзжар а зыращи, я мурадыр кьехъуІэмэ, дуней псор зыІэщІапхъэуэ яращ зэрагъэпытэр. Ар кьедмыгъэхъуэІэн щхьэкІэ дыззэрыІыгъын хуейкъэ?!

- Апхуэдизу гурэ псэкІэ Урысей Федерацэм фІыщІрительхэр кьыдыхэхьар сыт?

- Урысеим апхуэдэу дыщІыхущІытым зы щхьэусыгъуэкъым иІэр. Дэ Сириемрэ ЩІыкІащ, ди адэмрэр Хэкум щыщми, ди адэрри дэрри дыкьащІапхъуар а къэралыращ, нэгъэщІу жьпІэмэ, дэ Сириемрэ дрищІыщ. Икіи, ди хабзэмри ди бзэми зыкІи кьытекьмыхуэ пэтми, дэ хьарпхъэр ящІэ уэ доІыгъу, ди щхьэ етІытыту пщІэ яхудощ. Абы кьыдэкІуэу дэ дрителъхьэщ урысхэмрэ абыгъэхэмрэ я зэкъуэтынныгъэм, мы махуэшхуэхэр гъэпсынгъэм ди гуапэу дыкьыщІэкІуар аращ.

Сириемрэ и щІыхуу дыщытми, ди дежкІэ Урысейр пъапІэщ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, дыкьыщалъхуа пъаэхэм зауэ кьыщра-

● Футбол

Налшыкдэхэр зи лъабжьэ командэ къыхэхар

Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхар бэрэжьей кІуам Истамбыл щыджэгу Тыркум 2:1-уз текІуащ. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ «Спартак-Налшыкым» хэт щІалэхэм.

КЪЭРАЛЫМ и командэ кьыхэхар кьыщыпсэригъэпэщым абы и тренер нэхъыщхьэ Стукалов Борис «Спартак-Налшыкым» щыщ футболиститху зэуэ иригъэблэгъащ. Ар щІэбгъэщІэгъэн щыІэкъым - щІалэщІэхэм Налшык дзыхь зэрыщыхуащІыр икІи премьер-лигэм и зэІущІэхэм зэрыщагъэжьагур псоми яльагъу.

Иужьрей тхьэмахуэм Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам иригъэкІуэкІа зэІущІитІми налшыкдэхэм фІыуэ зыкъынагъэльагъуа. Абыхэм зыкъомкІэ я фІыгъэщ дыдейхэр тІуми зэрыщытекІуар. Подякхэр 1:0-у хэзыгъэщІахэм яхэта Файзулин Виктор, Самсонов Олег, Роденков Юрэ сымэ я гъусэу тыркуэм ядэджэгуну, къэралым и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам хэту япэ дыдэу кьрагъэхьащ Къэжор Назирэ Ятченкэ Дмитрийр.

Адыгэ щІалэм, Файзулиныр Самсоновымэ яхуэдэу, таймитІми джэгуащ икІи хэгъэрейхэм ебгъэрыкІуэхэм нэхъ жьыдэр дыдэу яхэтащ. Аращ Урысей Федерацэр тезыгъэкІуа етІуанэ топыр щыдагъэкІа щІыгъэжьар.

«Спорт» ганалым и эфир занщІэмкІэ укІэдыпльыну гухэхьэут къэралым и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам «Спартак-Налшыкым» и футболиститху зэуэ (ар командэм и ныкъуэ мэхъу!) зэрыщыджэгум. Абы абхъаз щІалэ Хьэгъащ Анри зэрахэтар хэбГъэхьэжмэ, дрэжэгъэр нэхъ ныжьщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Епсэльар
НЫБЖЬЫТАНСЭЩ.

● ГАИ-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

Фокіадэм и 3 - 10-хэм республикэм ГъэІуэ насыпынщагъэу 19 кьэщыщхъуащ, абыхъэм ІыхуэІ 6 хэкІуэдащ, 24-м фэбжь хахащ.

ФОКІАДЭМ и 7-м сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 40-м ВАЗ-2102 автомашинэм и рулым дэсым Налшык и Тырныауэзкэ, Мэлбахъуэм и цІэр зезыхъэ уэрамхэм я зэхэлІпІэм дежи, пльырым кьыхуигъэльэгъуахэр уэим ищІри ГъэІуэм техьащ икІи и сиренэр щІэгъэзнауэ кІуэ «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» автомашинэм жьэхэуащ. «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и рулым дэсари, кьыбгъурысари, хабзэр кьыззпхьыуда шоферри сымаджэщым яІащ.

ГъэІуэ пІъырхэм сэтей кьащІащ агрегатым тетын хуей новерхэр зэрахъуэжьащ е укъэмыджэфу автомашинм 9.

Тхьэмахуэ зэхуакум кьриуфыдэу кьагъуэтащ кьалпыкъуэ ВАЗ автомашинэ пІуащІ гъуэу 3, «Хундай» автомашинэр.

ФокІадэм и 4-м МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакІуэм сэтей кьищІащ щыщхьэІум и 26-м Налшык Кировым и уэрамым кьыщыхъуа гъэІуэгу насыпншагъэр зи зэран, иужькІэ зызыгъэщІыжьа ВАЗ-21074 автомашинэм дэсар. Ар ильэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэсщ. КьыкІэпльыкІуэ махуэм яубыдащ апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ зезыгъэпщкІужа ГАЗ-37170 автомашинэр зезыгъакІуэ, ильэс 41-рэ зи ныбжь щхьэлъыкъуэдэсыр.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

●Гукъэкіыжхэр

КъБАССР-м и литературэм щытопсэлъыхь РСФСР-м и ТхакІуэхэм я союзым. Щоджэнцыкіу Іэдэм и щІыбагъым къыдэтщ Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф, Тхьэгъэзит Зубер сымэ.

ЕЛГЪЭР Кашиф

Фым фы къроКІуэ

Зи гупкІэм дис зэманыр фочышІэм хуэдэу псышІэу блолъэт, Абы дэри дыздэдехь. Дыздэдехь блокІа илъэсхэм, абыхэм хэтлъэгъуа щІыхуэхэм, Іуэхуэхэм дахуеІлъэкІыжу. Іэдэжэ дигу къэдгъэкІыжу. Уи насыпщ, а гукъэкІыжхэм гуфІэгъуэр нэхъыбэу щахэплъагъуэм деж.

Си щхьэкІэ си гуапэу сигу къызогъэкІыж гуфІэгъуэ куэд зыхэсхьагъуа 1957 илъэсыр. Абы къандэрэ лІэщІыкъуэ ныкъуэ дэкІа пэтми, нобэ хуэдэу сощІэж а гъэм Москвам ди республикэми Іэтауэ щекІуэкІа Іуэхушхуэхэр. ЩІэщІэзыр а псори си пэкІэ зэрыслъэгъуагъ. абыхэм саззэрыхэтаращ.

Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьар илъэс циплІ зэрырикъур гъэлъэпІэным ехьэлІа Іуэхуэр гъэхьэзырыным нэхъ пасэу щІадзакІэт. Абы и саулыкъуКІэ Москва щызэфІах Іуэхуфіхэм 1956 гъэм сэ щыгъуэзэ сыхуэзыщІар ди тхакІуэ цІэрыІуэ Теунэ Хьэчимт. Ар а лъэхъэнэхэм щеджэрт сэ сызыщІэс Литературэ институтым къегъэщІылІа курс нэхъыщхьэхэм. АдыгэлІ губзыгьэм акъыл зыхэлъ чэнджащ щхьэпэхэм сыщІигъэдэІурт. Гъэ кІэ Москвеи Налшыки литературэмрэ гъуазджэмра я махуэшхуэр зэрыщекІуэкІынур къыгъэсэбэнауэ журналхэм, газетхэм запыскІІэн зэрыхуейр щыкІэм сыхуигъэІуІщыртт. Езыми Іуэхутхьэбзэ гуэрхэр сигъащІэрт: тхылъ тедзапІэхэм, редакцыхэм Іэрыгтх сыт хуэдэхэр сигъэхьырт, щхьэпэхэхьыжырт. Хьэчим и фІыгъэкІэ сэрэ абыхэм щылажьэхэм нэІуасэ сахуэхъурт. Ахэр иужькІэ хуабжьу къыскухуэщхьэпэжауэ щытащ.

Литературэм пыщІахэм зэрытщІэжщи, 1957 гъэм Налшыкрэ (адыгэбзэкІэ) Москварэ (урысибзэкІэ) къыщыдэкІат къэбэрдей усыгъэм и антологиер. Адыгабзэ варнантым Тхьэгъэзит Зубери сэри ди тхыгъэ имыхуэми (ар нэхъ пасэу ягъэхьэзырыкІэт), урысыбзэм дэ тІуми увыпІэ гуэрхэр къыщытылъсат. Апхуэдэ пщІэ зэрызэгъуэтамкІэ фІыщІэ зыбгъадэлъу сатыртр Теунэ Хьэчимщ: арат антологиер къыщыдэкІыкІыпІ тедзапІэм си усэхэр сэзыгъэхьар. Абы щыгъэущ къыщысщІыхуар иужькІэ ныбжьэгъуныкъуэ схуэхъуа, зи унэм куэдз сихьа, си тхыгъэ куэди зэзыдзэкІа тхакІуэ Іэзэ Голубков Дмитрий. Ди антологиер зыгъэхьэзырыр, абы и редакторыр арат. Зыгуэрхэм щІэупщІэн, зэхигъэкІыпІа хуей хъуамэ, Голубков нэхъ псынщІэу Москва щигъуэт дэІэпыкъуэгъуэр Теунэмрэ сэрэт. Апхуэдэ щыкІэкІэ сэри а Іуэхум нэхъыбІу хэпщІа сыщІэхъуэри арат. Абы си Іупэри Іуиудыртэкъым: газетхэм, журналхэм щылажьэхэр гуапэу къысІущІэрт. Апхуэдэу щыщытам щхьэусыгъуитІ иІэт.

ЗэрыгущІэжщи, къэралым ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, абыхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр быдэ хъуным ехьэлІауэ партымрэ правительствэмрэ лэжьыгъэпхуэ зэфІахыр. Ар къэралым щекІуэкІ политикэ лъэпкъхэм ящыщ зыт. Іуэхуэр апхуэдэу зэрыщытыр фІы дыдэу къагурыІуэрт щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ щылажьэхэми. Ахэр щыгъуазэт Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу махуэшхуэр ехьэжьауэ къэралым зэрыщагъэльапІэнкІи. Аптхуэдау щыпсаитхІэ, къэбэрдей литературэмрэ гъуазджэмрэ, абыхэм хуэлажьэхэм гулъытэ дгеІ хуэщІыпхъэт. Сэри зи гуфІэгъуэ махуэшхуэр дахыну Къэбэрдейм сыкъыщикІакІэ, литературэм щыкІакІэ, редакцэхэм щылажьэхэр нэхъ нэ лейкІэ къызэпІуэ зэрыщытам шэч хэлъу къыщІэкІынкъым. АтІэми, етІуанэ щхьэусыгъуэрапщи, щхьэщыхъугъэ хэзмытхъэу жысІэнщи, 1956 гъэм и жэпуэгъуэм си усэ («Щхьэлыкъуэ») «Комсомольская правда» газетым къызэрытехуам щІэрыІуэ дыдэ сримыхъуамі, си гъэзугъэуэдкІэ нэхъ тынш къызэрыщищІам пщы хэлъкъым. Дэнэ редакцэ сыщІыхьами: «А-а, зи усэ «Комсомольская правдэм» тетар уэрэ?» - жаІэрти, ныкъусыгуфІыкІыу къысІущІэхэрт. Сэри, пэжыр щхьэ бзыщІын хуей, сригуфІэрт икІи сригушхуэрт етІуанэ курсым сыкІуа къудейуэ апхуэдэу хэІущІыІу сызэрыхьырт. АбикІи посим япэу фІыщІэ зыхуэсщІыр зи чэнджащхэр къыслуэщхьэпа Теунэ Хьэчимт. Си усэхэр урысыбзэкІэ зэрегъэдзэкІын, декадэ къытпощІытыр къзгъэсэбэнауэ ахэр къытрегъэдзэн зэрыхуейм сыхуэзыгъэІущар арат. Мис идиж, абы и псалъэхэм седэІуатт, усэр зэзыдзэкІыу редакцэм зыхьа си курсэгъу Кузнецов Валентин дэзгуэшырт си гуфІэгъуэр. Ауэ «Комсомольская правдэм» и сэбэну къызэкІар нобэми сщыгъупщэжыркъым - ар си газету солъытэри, и къыдэкІыгъуэхэм щыщ куэд блэзмыгъэкІыу сощІэж. Арэзы къыдэкІыныщ си фІыгъэр илъэс щэ ныкъуэ япэкІэ Москварэ Налшыкрэ щекІуэкІа Мазхуэшхуэхэм сызэрыхэтар, абыхэм сэри схуэзэфІакІ хэслъхьэну Іэмал къызэзытар.

ЕтІуанэ курсым щІэс щІалэщІэм я Іуэхущхуэм куэди хухэлъхьэнт? СлъэкІырати, Къэбэрдейм, ди лъэпкъым и пщІэр, и щыхьыр къзэыІэтхэм сазэтту е си закъуэу радиом къыщыпсалъэрт. Газетхэм, журналхэм си усэхэр къытреагъадзэрт. ЗэрыслхъэзэфІкІкІэ чэнджащэгъу сыхъурт.

Куэдым зэрыщІэжщи, 1957 гъэм «Молодая гвардия» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ къэбэрдей усакІуэ ныбжьыщІэхэм я гъэпсыкъуэ ныбжьыщІэхэм я тхыгъэхэр щызэхъуэса сборник. А тхылъ тедзапІэри зейр си усэхэр тезыдза «Комсомольская правда» газетымрэ «Молодая гвардия» зэныбжьэгъуфІэхэр быдэ хъуным ехьэлІауэ партымрэ правительствэмрэ лэжьыгъэпхуэ зэфІахыр. Ар къэралым щекІуэкІ политикэ лъэпкъхэм ящыщ зыт. Іуэхуэр апхуэдэу зэрыщытыр фІы дыдэу къагурыІуэрт щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ «Голос горной реки») 1956 гъэм сэ стха си усэм и цІэращ («Къуршыпсым и макъ»). Ар зыгеуХуэр залымыгъэ зрахьу лъахэм ирашауэ щыта ди къуэш балъкъэрхэм къызэрагъэзэжарат. Усэр хуэзэгъапсат балъкъэр усакІуэншуэ Кулиев Къайсын.

«МакъыщІэхэр» фІэщыгъэдІэр иІэу а тхылъыр Налшыки къыщыдагъэкІыжауэ щытащ а гъэ дыдэм. Ар гуфІэгъуэшхуэт ди усакІуэ ныбжьыщІэхэми ди адыгэ литературэми я дежкІэ - къэралым, лъахэм щагъэлъапІэ Махуэшхуэхэм гуфІэгъуэ фІыгъуэхэм, гуфІэгъуэхэм дыхьаныртэкъым дэри.

Абы и лъэныкъуэкІэ зи насып нэхъ кърихьэкІахэм сэри сащыщ. ЕтІуанэ курсым и зачетхэр стауэ, экзаменхэри и кум нэгъэбдзэгъауэ, махуэ гуэрым нэщхъыфІэу къызыбгъэдохьэ литературэ курс нэхъыщхьэхэм щеджэ Кулиев Къайсын:

- УзогъэгуфІэ, Кашиф, - жи. - Иджыпсту телефонкІэ Налшик сыпсэлъати... ЛІыкІуэгъэ декадэм хэтыну ди тхакІуэхэм я спискэр икІэм-икІэхьэм яубзыхуащ. Сэри уэрэ дыхащэхьащ абыхэм.

- Пожуи?! - араща схуэжьІар.

- Ар пэжщ. Ауэ уи экзаменхэр дэнэ нэбгъэса?

- Щы къудей сиІэжу аращ...

- Декадэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 20-м щІидзэнущ. АпщІондэжу пхуэуэхыну пІэро? - къызоупщІ Къайсын.

Сэ хэплъапІэ сыхохуэ - экзаменхэр зэрыттыну зэхалъхьа пІалъэмкІэ, а зэманыр къэмыс щыкІэ схуэуэхьанукъым.

- Нэхъ пасэІуэу уагъэзытыну елъэІу. Хьэуэ зэкІэпІэрэ, сэри Іуэхум сыныхьхьэнщи, ди хьэтыр къальэгъунщ...

АрщхьэкІэ Къайсын и дэІэпыкъуэгъуэ сыхуэрі хъуакъым. Япэрауэ, сэ езым «зызгъэкъулыкъущІэрт»: студент комитетым сриунафэщІт, комсомол комитетми сыхэтт. ЕкІуэкІыну декадэм и фІыгъэкІэ си усэхэм Гъуэгуягъуэтауэ, «батэр згъэшырт». ЖыпІэнуурамэ, декадэм щІидзэным махуитІ иІэжу щхьэхуит сыхьуащ.

НАЛШЫК никІаэхэр ныщыса махуэм хьэщІэхэр езыгъэблэгъа бысымхэм сахэтащ сэри. А гуфІэгъуэшхуэ зэІущІэр игъащІэкІэ пщыгъупщэж мыхъунуэм ящыщт. Абы тегухуауэ Іэджи ятхыжащ икІи къагъэльагъуэжащ. Пэж дыдэу, гуимыхужт гуфІэгъуэшхуэкІэ гъэнщІа а зэІущІэ телъыджэр. Моуэ и иджыпстуи слъагъу хуэдэщ мафІэгум къикІакІэхэми абыхэм къапекъыхэми зи псалъэхэр ІэгуаэшхуэкІэ яІэту утыку лъагэм ита адыгэ бзылъхугъэ дахэ, артисткэ гъуэзэджэ Сыбэч Быхуэ. Ар апхуэдизу жыкаІуэу, Іэзэу къэслъатати, зачийкІэ Алыхьыр зыхуэсупса апхуэдэ бзылъхугъэр зэрыдиІэм уи цыхьэр лъагэу уигъэлъагъэужырти, гуфІэгъуэ нэпсыр къригъэбдырт. СэркІэ ар гуфІэгъуэ тІуащІэт: къедгъэблагъэхэм яхэтт ди къуажэ щыщ къэфакІуэхэр, уэрэджьІакІуэхэр. Езы КІыщокъуэ Алим дыдэ гупышхуэм я шу пашэхэм ящыпт.

ХьэщІэхэр гуп-гупуэр зэбграшурэ хьэщІэщхэм щІагъэшащ. ТхакІуэхэм хуахахар къэралым и щыхьэрым и курыкупсэм хуэзэрт - «Новомосковская» хьэщІэщпрат. Сэ студент общежитыр Іейуэ пхуэзэпсэсыжынти! Переделкинхэм сымыкІуэжу, а щыщхьэщхьэм хьэщІэщым сыкъэнащ. ТхакІуэхэм нэхъыщІэ дыдэу яхэтыр Тхьэгъэзит Зуберрэ сэрэти, дэ тІур зы пэш дыщІагъэтІысхьащ.

Нэху дыкъокІри, тхакІуэхэр драгъэблагъэ РСФСР-м и ТхакІуэхэм я союзым - дыздэкІуэнухэм, тщІэн хуейуэ къыгъащІыр къаладнхэм щыгъуазэ дащыну арат. Аргуэру си кІэныр къокІ: дезыгъэблэгъахэм я нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу ди гупым къыдагъэщІыу Іар усакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Смирнов Сергей. Ар ди институтми щылажьэрт. Щылажьэ къудейтэкъым - гъубж мазэ гу кІасІэ ди деж щекІуэкІырт студентхэм я творчествэр щызэпкърах семинархэр. Си сызыхэт гупым и унафэщІыр мэз а Смирнов дыдэрат. Экзаменхэм зэрыщІдзэдзэрэ дызэхуэзэатэкъыкІи, гупым сыкъыщыщхьэлъагъуКІым, дауи, ар къысщыгуфІыкІащ. Си Іэр къиубыдри, къызэхуэхуащ. Ар зыльэгъуа дыдейхэм я деж си щІэр къыщыІэта хуауэ я къыфІэщІащ сэри. Апхуэдэу а гулъытэр къыслухуэзэпагъэнщ тхакІуэхэм я лэжьыгъэр зэрекІуэкІыну щыкІыр щаубзыхуахэм щыгъуи - си егъэджакІуэр пщІэрэ щыхьэрэ зиІэ усакІуэншуэт.

Япэ махуэм щыщІэдзауэ москвадэсхэм гуапагъэ хуабагъэу дагъэлъэгъуар, нэгуэныжыгуГуэу дызыхэтар зыхуэдизым щІэлэмыущІа. Декадэр зэхэлъэдзауэхыр Колонна зал жьыхуаІэ уардэунэшхуэрати, тІысыпІэхэри щытыпІэхэри гъэнщІат. ТхакІуэхэм я щІэр иджы нэхъ елъэхъшэха хъуа щхьэкІэ, а зэманхэм щыгъуэ ахэр япэ ирагъэщу, абыхэм я псалъэм и къаруР зэрыиныр къагурыІуэу щытащ. Абы щыхьэт текъуэ щапхъэхэм ящыщщ декадэр Москва щезыгъэкІуэжыныхэм тхакІуэ гупышхуэ зэрыхэтарт. Илъэс 75-рэ зи ныбжь, ди гупым я нэхъыжь дыдэ ХьэхъупащІэ Амырхэн, нэхъыщІэкІэ Зуберрэ сэрэ дяку дэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуазджэмрэ я зыгъэбжьыфІэ КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Теунэ Хьэчим, Отаров Керим, Шортэн Аскэрбий, Щоджэнцыкіу Іэдэм, Щомахуэ Амырхэн, Акъсыр Залымыкъ сымэ, нэгъуэщІхэри. Зи бжьыгъкІи зи ныбжькІи мыгъэрей ди тхакІуэ лыкІуихьм куэдкІэ ефІэкІуу щыта а гуп дыгъэлъэныкІэ егупсыри, Іуэхум губзыгъэу бгъэдыхьат. Москва зыхьыщыщІыгъэлъэгъуахэм куэду хагъэхьат тхьэмадэ жьакІэхуэхэри екІуэкІ псори Іуэтэжыныр зэгуэр щІэрыльэ зыхуэхьыжыгъэ. Москвадэсхэм гуапэу драгъэблагъэрт, дэри езыхэр драгъэблагъэрт, дгъэгуфІэрт. КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Щоджэнцыкіу Іэдэм сымэ зебгъэщІыху утыку укъиухьэну тынштэкъым. Зубер сэрэ далъытауэ, ахэр нэгъэщІт къызэдэхэ уэсэмкІи я къэрэжэмкІи. Абыхэм хуаІэтым хуэдиз Іэгуаэ макъ къызэрыгъэлъымысри ди жагъуэ тщІыртэкъым - щхьэж хуэфащэр игъуэтыжырт. Пэжщ, си инакъуэхэм деж бзаджагъэм сыдигъуекІуэ щыІэт: хьэщІэр мыхэращ, сэри, фэ фхуэдэу, сымэзкуудэсщ, - жысІэрти, ди пащхьэ исхэр «згъэгуфІэрт». ИтІанэ абыхэм сэри нэхъ гулъытэ лей къыскухуащІ хъурт - Іэгуаэхэр сытрагъэгушхуэурэ, аргуэру усэ сыкърагъаджэрт.

ПІцІы щхьэ упсын хуей, Мысачэ Петри къытхэту, нэхъыщІэхэм утыкум, атІэми утыкушхуэхэр, куэдрэ къытлъысыртэкъым. Къыщылтлъысхэм деж абы куэдрэ зыщытІэжьэртэкъым. Тхьэм и шыкурКІэ, диІэт ар нэхъ зыхуэфащэхэр. Дэ дыщу кІэуэнэ пэнхьыжьт. Сэ ялэнри хъарзынэу дгъэзащІэрт, нэхъыжьхэр дгъэукІытэртэкъым. Ди нэхъыжьыфІхэри гулъытэнштэкъыми, литературэм щхуэхуа зэІущІэхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм дащІэщи дыздашэрт, щІыхуэ хэтыкІэм драгъасэрт, дызыхьыхьэм дыкъраГъэщІыхурт. ДэркІэ а псори гъэщІэгъэнт, щхьэпэт. Апхуэдэ куэд дагъэлъэгъащ а махуэм гуимыхужэкІ.

ТІУЗГЪУА псом я нэхъыщщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэм тегуха декадэр зэрызэфІэкІам и саулыкъуКІэ Театр Иным щекІуэкІа зэІущІэщхуэрт. Абы къырихьэлІат партымрэ правительствэмрэ я унафэщІхэм щыщу а махуэ дыдэхэм ирихьэлІэу зэбграмыхуу къэна псори. Театрым щІэмыхуэу къызэхуэсахэм къагурымыІуэ куэд хэлът Іуэхум: Хрущев Никитэ, Микоян Анастас, Булганин Николай, Ворошилов Климентий, Суслов Михаил сымэ, адрей лІыщхьэхэр апхуэдэу щІыхэплъэр сыт? Абы и жэуап къышІыжауэ щытащ а махуэхэм ягъэлъэгъуэ «Дахэ нагъуэ» пьесэр зытха, гушыІэ дахэ зыхэлъ адыгэ драматургэт цІэрыІуэ Акъсырэ Залымхэр: «Апхуэдизкіэ ягу дрихьащи, ппдедэй дызэрежьэжынум иринэщхъейхэу аращ», - къызоІущащэ сибгъукІэ къыщыщу. А гупыІэкІэр сигу ирихьами, абы сеущІатэкъым Маленковми, Молотовми, Кагановичи зэІущІэм къыщІэмыкІуамкІэ, «Абыхэм дыкъызэрамыпсэуэ ара-тІэ?» - жысІэу.

Іуэхуэ зыІутыр къыщыщІар тІэкІу нэхъ иужькІэщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, мо лІыщхьэшхуищми абыхэм гъусэхуащІа Шепиловми «партым и бий гуп» фІащри, бжьыным ирагъэкІауэ арат. Ауэ, Алыхьым и щыкуркІэ, а зэхъуэкІынытъэхэр зэран къыхуэумыхъуу икъукІэ дэгъуэу екІуэкІат ди республикэм и гуфІэгъуэ махуэхэр. Іуэхуэр абдеж щиухатэкъым, гуфІэгъуэм нэхъри зыщІэтат Къэбэрдей-Балъкъэрым. Москваи нэгъуэщІ щІыпІэхэми къикІа хьэщІэшхуэхэм адэкІэ ди деж щыпащащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгугъэхьэрэ илъэс 400 зэрыриІуэкъуам ехьэлІа дауэдапщэхэм.

А махуэ гукъинэжхэм щыгъуэ ди республикэм и цІыху гуныншхуэ игъэгуфІауэ щытащ: куэдым къыхуагъэфэщат къэралым и дамыгъэ, щІэ лъапІэхэр. А псоми тІуащІэ, щащІэ ящІат илъэс щиплІ и пэкІэ Къэбэрдейр Урысеим дамэгъу зэрыхуэхъуам кърикІуа гуфІэгъуэр.

АРГУЭРУ тхакІуэхэм адежкІэ згъэзэжынщи, дэри дыхилъэфатэкъым а Іуэхум: гуфІэгъуэшхуэ махуэхэм я саулыкъуКІэ тхьилъащІэ куэд дунейм къытехьат. Ди щэнхабзэм, гъуазджэм къыхуащІа гулъытэжэм ящыщт Къардэн Бубэ и жэрдэмышхуэкІэ ди щІэныгъэлІхэм ягъэхьэзырыр Москва къыщыдэкІа «Адыгэ-уры», «Урысадыгэ» псалъалъэ щхьэпэхэр.

Лъахэм, лъэпкъым къыхуащІ гулъытэр лъапІэ дыдэ къыщыпшІэхьэр уэрэ абы щыщ гуэр къыщыплъысым дежщ. Си щхьэкІи сыхэнатэкъым а махуэхэм щыгъуэ къэралым псом щаІэта Іуэхуэшхуэхэм къадэкІуа гуфІэгъуэхэм: а лъэхъэнэхэм згъэхьэзыру зи лъабжьэр гулъытэ «Дыгъэр щыкІэ» (Налшык, 1958 гъэ), «Псыкъелъэм и уэрэд» (Москва, 1959 гъэ) къызэрыдэкІам къежьапІэ хуэхъуауэ къэслъытэр илъэс 400-кІэ хэІэбэгъкІыжмэ екІуэкІа Іуэхуэхэращ. Фым фы кроКІуэ, жи. А фІыгъэм къыслухдэкІуауэ собж епІанэ курсым щыпІэу 1959 гъэм СССР-и и ТхакІуэхэм я союзым сызэрыхагъэхьари.

Мэзыр жыг зэрызу зэхэтщ. Лъэпкъри аращ - щІыху зырызу зэхэтщ. Сэ а лъэхъэнэм къызэрыдихьауэ щыта гуфІэгъуэхэм нэхърэ нэхъыбэж ди лъэпкъым и дэтхэнэ зы щІыху къэс къыхуэдкІуэну Тхьэм жиІэ Къэбэрдейр Урысеим дамэгъу зэрыхуэхъурэ илъэс 450-рэ зэрыриІуэр щыдгъэлъапІэ 2007 гъэм. Ирехъу ди гуфІэгъуэхэр гуаГуэхэм я щІыІу. Ар хуэфащэщ нэщхъеІэгъуэ куэд зинэгу щІэкІа си лъэпкъым.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

"Кремль пшэплъ"

Мы махуэхэм къызэІуахащ Дзэ оркестрхэм я Эдинбург фестивалыр, «Кремль пшэплъэ зыфІэщІащ».

УТ ПЛЪЫКІЫМ зыкъыщагъэльэгъуэнущ Урысейм, Инджкъыпсам, Канадэм, нэгъуэщІ ящэрапхэми я армэхэм хэт оркестрхэм. Гуп 47-м къызэщІэбыдэщ цІыху минрэ щитхум ягъэзэщІэнэр дзэ-дзэ хьэзабэ я закъуэкъым. Фестивалым щыІунущ классикэ, щІыхуэб макъамэхэри.

Дзэ къулыкъу щэнхабзэр концерт щыкІэу гъэпсауэ утыку иджыщ япэу къыщрахьэр. «Кремль пшэплъ» фестивалым папщІэ ягъэхьэзыра адыгэ къафэри щагъэльэгъуащ мы зэІущІэм.

Швейцарием и махуэшхуэ

Фокіадэм и 13-м Урысеим щагъэльэпІащ Швейцарием и махуэр. Дирижер Федосеев Владимир зи ныбжьэгъу Къэрал симфони оркестр иным «Урысей - Швейцарие» зи фІэщыгъэцІэ концерт итащ.

ФЕДОСЕЕВЫМ зеныгъэ а европэ къэралым и лІыкІуэу икіи абы къызэрыщащІэр симфоние оркестрым и дирижер къудейуэкъым, зтІэ опер зэ музыкантэ зэрыщытми щыІуаззэкІ.

Симфоние оркестрым и илъэс гъжьыгъэ а концертымкІэ къызэІуихыу аратэкъым. Сезоныр зэрыщІэзыр Федосеевым и творческэ гъэзэгуанэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу игъэхьэзыр программэмзэмкІэщ.

- Швейцариер сэ сигу ирихь къэралщ, - жеІэ дирижер цІэрыІуэм. - Абы и цІыхухэм фІыуэ яІъагъу ди оркестрыр икіи сытым джи Іэгуаэзэшхуэкіэ къыІуощІ. Абы къыхэкІыу Швейцарием и махуэшхуэр дэри дыдоІыгъ.

ЦІыху куэд зэхуеІушэ

Париж къыщыізІуахащ къафэм, макъамэм, сурэт гъэузджэм, кином я 34-нэ ЗыкІыхь фестивалыр.

ГъЭ КЪЭС цІыху минищым щІигъу къызэхуэзыжащ фестивалым дунейпсо уплІанэ къэзэрэм я выставкэу ящІэкІэ щыуагъэ къыункъым.

Художник, артист зэчифІэхэм я Іэдакъэщэкіэхэр щызэхуахьэс зэІущІэр мазищкІэ екІуэкІыщІ, абы хэтынущ Москва и «Современник» театрыр.

Дэтхэнэ зыми

Третьяковскэ къэрал галереем къыщыізІуахащ сурэтыщІ Жилинский Дмитрий и ІэдакъэщІэкІэхэм я къэлъэгъуэныгъэ, абы и ныбжьыр ильэс 80 зэрыщыхьыр и щІыкІэкІэ.

ВЫСТАВКЭМ къыщагъэльэгъуэ Жилинскэм и лэжьыгъищэм щІигъу. Абыхэм яхэтхьэм ныбжь зэщІимыхуэ. ГъэщІэгъэнракъэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми къыщыгъэльэгъуэ спортсменхэм, къызэрыгуГуэдзэрыгъэсхэм я цІэхэр щыуагъэнщэу ещІэж си ныбжьыр хэкІуэта сурэтыщІым.

Урысей кинематографием и вагъуэхэр

Мосфильмым пэмыжыжьэу щыІэ Урысей кинематографием и вагъуэхэр я зэтеІутыльащ зэадэзэпхъухэу Захаровхэр Александрэрэ я мыІэ.

ЗэІУЩІЭР езыгъэкІуэкІ Ширвиндт Александр и гуапэу къыхигъащащ мыпхуэдэ гуфІэнчэр зы унагъуэм ихэт хуаІэту иджы зэпхъ къызэрыпхэІэр, абы къыхэкІыу, ар езым дежкІи зэрымахуэщхъэр.

Зэхуэзыхьэсар
ИСТЕПАН Залинэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щыгъуазэ фещІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм депутатхэр хэкІыжахэм я пІэкІэ 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м щыхахыжыну зы мандат хэхыпІэ округхэм я схемэм

(Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м ищІа Унафэ № 670-П-П-мКІэ къыщІэщ)

Округым и №	Округым зэрэдкІэр, хэхакІуэхэм я бжыгъэр	Округхэм я гъунапкъэхэр
5.	**Бахъсэн, 4940** *(Бахъсэн къ.)*	Бахъсэн кьалэм и кьухьэпІэ Іыхьэм и гъунапкъэхэм къыриубыдэу: лъэмыжьым кьыщыщІэдзауэ Бахъсэныпсым зэпрыкІыу Ленином и уэрамри зэпэбж лъэныкьуэр) Шыкуэм и уэрамым нэсу (фэтэр куэд хьу унэхэр); Лениным и уэрамым и пэм кьыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху (зэпэмыбж лъэныкьуэр), Лениным и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Уфнич и уэрамым тету кьухьэпІэмкІэ «Зари» гъэш фермэм нэсу, «Заря» гъэш фермэм кьыщыщІэдзауэ ящыхэрэмкІэ кІуэу тхьэмадэ Бабушкин зэхэхьуэфэм нэсу, «Кооператор» хьэбзщІэр хьІхьэу, адэкІэ кьуэжьІпІэмкІэ кІуэу Лениным и уэрамым нэсу.

22. Республикэ, 7050 *(Налшык къ.)* Кьалэм и щыналъэм и мыпхуэдэ гъунапкъэхэм къыриубыдэу: Мечниковым и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Кировым и уэрамым нэсу Тургеневым и уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр), Тургеневым и у эрамым кьыщыщІэдзауэ гъущІ гъуэгум нэс, гъущІ гъуэгум дэкІуэу Кировым и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Кьэбэрдей уэрамым нэс (зэпэбж лъэныкьуэр), гъущІ гъуэгум кьыщыщІэдзауэ Осетин уэрамым нэс Кьэбэрдей уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр), Кьэбэрдей уэрамым кьыщыщІэдзауэ Щоджэнцыкіум и уэрамым нэс Осетин уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр), Осетин уэрамым кьыщыщІэдзауэ Толстой уэрамым нэс Щоджэнцыкіум и уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр), Щоджэнцыкіум и уэрамым тет псэупІэ уна 42, 44, 48, 116, 118-хэр хьІхьэу, Щоджэнцыкіум и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Ленином и уэрамым нэс Толстой и уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр), Толстой и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Советскэ уэрамым нэс Ленином и уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр), Лениным и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Мечниковым и уэрамым нэс: Советскэ уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр), Советскэ уэрамым кьыщыщІэдзауэ Тургеневым и уэрамым нэс Мечниковым и уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр).

23. Киров, 7219 *(Налшык къ.)* Кьалэм и щыналъэр и мыпхуэдэ гъунапкъэхэм къриубыдэу: гъущІ гъуэгум кьыщыщІэдзауэ Лазо С. и уэрамым нэсу Мэлбахьуэм и уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр), Мэлбахьуэм и уэрамым кьыщыщІэдзауэ Гагариным и уэрамым нэс Лазо С. и уэрамыр (зэпэбж лъэныкьуэр), Лазо С. и уэрамым кьыщыщІэдзауэГ азовэ уэрамым нэс Гагариным и уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр) Щхьэныкьуэпсым нэс, Щхьэныкьуэ псыхъуэм дэкІуэу лъэмыкьым нэс, адэкІэ Щыхьэфэпс псыхъуэм дэкІуэу кьуэжьІпІэмкІэ кІуэу Газовэ уэрамыр (зэпэмыбж лъэныкьуэр), «Налшык» электроподстанцым кьыщыщІэдзауэ гъущІ гъуэгум нэс, гъущІ гъуэгум дэкІуэу Мэлбахьуэм и уэрамым нэс, Чернышевскэм и уэрамым тет псэупІэ уиэхэмэрэ уна-гъуэ цІыкІуэм я общежитэмрэ хэмыту.

38. Центральнэ, 8103 *(Прохладнэ къ.)* Кьалэм и мыпхуэдэ гъунапкъэхэм къриубыдэу: Балъкъ псым кьыщыщІэдзауэ Маркс К. и уэрамым тету кьыщыхэкІуэу (зэпэбж лъэныкьуэр) Теплинкэ и уэрамым нэс, Теплинкэ и уэрамымкІэ ирикІуэу (зэпэбж лъэныкьуэр), Разин Ст. и уэрам дыхьэм нэс , Разин Ст. и уэрамдыхьэм ирикІуэу (зэпэбж лъэныкьуэр) ищхьэрэкІэ Свободэ уэрамым нэс, Свободэ уэрамым ирикІуэу кьухьэпІэмкІэ кІуэу уна №78-р хьІхьэ у, ищхьэрэкІэ Строительнэ уэрамым нэсу, Строительнэ уэрамым тету кьуэжьІпІэмкІэ кІуэу (зэпэмыбж лъэныкьуэр) Маркс К. и уэрамым нэс, Маркс К. и уэрамым тету ищхьэрэкІэ кІуэу (зэпэбж лъэныкьуэр) тІуищІ гъуэгум нэс, гъущІ гъуэгум дэкІуэу кьуэжьІпІэмкІэ кІуэу Лесной уэрамдыхьэм нэс, Лесной уэрамдыхьэм ирикІуэу ищхьэкІэ кІуэу (зэпэмыбж лъэныкьуэр) Ленинымрэ и уэрамым нэс, Лениным и уэрамым щыщІэдзауэ Новый уэрамдыхьэм ирикІуэу (зэпэмыбж лъэныкьуэр) Балъкъ псым нэс, «Ново-Покровский» хьэблэр, Балъкъ псым дэкІуэу кьухьэпІэмкІэ кІуэу и Маркс К. и уэрамым нэс.

43. Малэ Къэбэрдей, 10142 *(Тэрч район)* Кьуажэхэм я административнэ гъунапкъэхэм къриубыдэу: Акведук, Арыкъ, Красноармейскэ, Куян, Курп Ищхьэрэ, Новэ-Балъкъэр, Ново-Хьэмидей, Опытнэ, Псынащхьэ, Теркескэ, Урожайнэ, Хьэмидей; поселе хэр: Джулат, Интернациональный, Малый Терек, Шыкуэй: Тэрч кьалэ и Тэрч уэрам (2-нэ мэрем кьыщыщІэдзауэ 161-нэ мэремым нэсыху).

49. Шэджэм ЕтІуанэ, 1105 *(Шэджэм район)* Кьуажэхэм я административнэ гъунапкъэхэм къриубыдэу Лашынкьей, Шэджэм ЕтІуанэ; Шэджэм кьалэм и ищхьэрэ Іыхьэр Пионер уэрам дыхьэм кьыщыщІэдзауэ Лагернэ уэрамым нэс (Свободэ уэрамым тет псэупІэ унэхэу 2а, 2б, Набережнэ уэрамым тет унэхэу 1а, 4, 4а, 4б, 4в, Агропромгородокым и псэупІэ унэхэр хьІхьэу).

ЗЫГЪЭПСЫГЪУЭ МАХУЭМ Мальхъэдис

Щыхъушхуэхэм я гупсысэхэр

Куэд зыщIэракъым Iущыр

Щыхъм зэрызицыхьыр дунейм зэрыхищIыкIым хуэдизкIэщ.

Гете Иоганн,
нэмыцэ щIэныгъэлI, усакIо.

Щыхъм бгъэдэлъ хьуГъэфIыгуэхэм я нэхъыщхьэр акъылымрэ гупсысэмрэщ.

Плутарк,
алыдж философ, гъакIуэ.

Куэд зыщIэракъым Iущыр, атIэ ищIэр адрейхэм кьахуэзыгъэсэбэпыфырщ.

Эсхил,
алыдж драматург.

Зэ IуплъэгъуэкIэ щыхъм утепсэлъэныхьныр кьэмызэгъщ. Абы и фIагъ псори щыIэныгъэм щIихьуэмэкIэ мэхуу, хьэл мыхъумыщIэхэр фэрыщIагъкIэ щагъэпщкIу щыIэщ.

Лабрюйер Жан,
франджы IхакIуэ, сатирик.

Зэ ззмызэ зыпэрыхьэ Iуэхумкlэкъым щыхър кьыз зэрыпщIыхунур, атIэ махуэ кьэс илэжькIэщ.

Паскаль Блез,
франджы щIэныгъэлI, математик.

Уи кьалэныр бгъэзэщIэ-нымыпыть пщIэм нэхър нэкъ пщIэ гъаГэ щыIэжкъым.

Ренан Эрнест,
франджы филолог.

Фокiадэм и мывэ

Хризолит

Хризолитыр хуабжьу зэрыщIумкIэ, плъыфэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыхъумкIэ адрей мывэ IыпIэхэм кьащхьэщокI. Хризолитыр щхъуантIэуи, хужьыфэуи, гъужьыуи урихьэлIэнущ.

Мывэ IыпIэм и щIэр алыдж псалъэным кьыгтекIащ «хризос» (дыщэ), «литос» (мывэ), нэгъэуэщIу жьпIэмэ, дыщэ мывэ.

Хризолитыр гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ кьыпхуэзыех хьэпшыпу кьалъытэ. Ар кьэзыхьэкI щыхур и гушIэкIэкIэ адрейхэм кьахегъащхьэхуI. Апхуэдэуи щIалагъэмрэ дахагъэмрэ зыхъумэну хуейхэм сытым дежи я Iэпэгъущ хризолитыр. Уи унагъуэм щIэсхэри, уэри псалъэмакъ мыщхьэпэхэм а мывэм уащихьуэмэу къэзылъытэхэри щыIэщ.

УФСБ-м къет

Дзыкъ зэрыгъэщ телефонымкIэ фIыкъэпсалъэ

2007 гъэм фокIадэм и 13-м сыхьэт 21-рэ дакьикъэ 25-м Урысейм Шынагъэ уэншагъэмкIэ и Федералынэ Iэнатlэм и управленэу КъБР-м щыIэм республикэм и МВД-м и пэ гъэсэу хабзэм емыязэгъыу Iэщэкlэ зыязэщIэзыуэрда гупхэм хэтхэр къуэдыдыным теухуауэ Iуэхугъуэ хэха щрагъэкIуэкIым, Хьэсэней поселкэм и Родниковэ уэрамым «Ауди А 90» автомашинэр, Налшык кьалэм щыпсэу цыхубзым и цIэкIэ ятхар, щауфыдащ. Автомашинэм исыр яубыдыну яужь щихьэм, абы Iэщэкlэ кьиукIащ. ЗищIысыр ямыщIэ Iэмэпсымэр кьауэри, машинэм мафIэ кьыщIэнащ. МафIэсыр ягъэнкIифIа нэужь, машинэ кIуэцIым кьыщагъуэтащ КъБР-м щыщ цыхухьым и хьэдэ хисхьар.

Яубыда автомашинэм апхуэдэуи кьрахащ автоматY тIу: зым и калибрыр мм 5,45-рэ хьууэ, адрейм - мм 7,62-рэ, шалъэхэри я гъусэу. Машинэм ирисхьа боевикым и псэупIэр кьыщапщытэм, кьаугъауэ Iэмэпсымэ IэрыщIэкIэр кьаГъуэташ. Мы Iэмэным кьапщытэ ар нэхъапэкIэ КъБР-м и щыналъэм щалэжьа щIэпхьаджагъэхэм хэтарэ хэмытарэ.

Мы Iуэхум, апхуэдэуи нэгъуэщI террорист щIэпхьаджагъэхэр ялэжьыну яГэхьэзыру зыгуэрэ щыгъаззэ хьухэм лъэIыкIэ захудогъаззэ дзыхь зэрыгъэзэ 481-508 телефонымкIэ (жэщи махуи лажьэмкIэ) хьыбар кьыдэвгъэщIэну.

Урысейм и УФСБ
КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Абы дегъэпIейтей

ЩIэбдзэну тыншщ, щыбгъэтыжыщу гугъущ

ТУТЫНЫМ, абы цIыхум и зэшнагъэм зэраныгъэу кьыхуихьым теухуа хъыбархэр куэдрэ зэхьдох. Дохутырхэми щIэх-щIэхьыгъэ дигу кьагъэкIыж тутыныр зэрыщIэхъухьыр.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, тутыным и зэранкIэ Урысейм илъэс кьэс цIыху мелуан ныкъуэ дунейм щожьых.

Псом нэхъыр нэхъ шынагъуэр балигъ мыхъуа щIалэ, хъыджкэбэ цIыкIухэм тутын тыкуэнхэм кьызэрыщащэхуфыдыр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а мыхъумыщIагъэр зылъагъу яхэт хуэдэкъым нэхъыжьхэмэ узыншагъэр хъумэным и лэжьакIуэхэмэ. НыбжьыщIэхэм хъунуи мыхъынури, екIуи емыкIуи яхуззэгъэкIыркъым, дэнэ щIыпIэ дежи кьыщызэкъуахьыу тутын ефэфынущ.

Абыхэм кьакIэрыхуркъым жылагъуэ транспортым дэсу цIыху кьезышIэкIэр. Закъуэтlакъуэхэщ абыхэм тутын емыфэу яхэтыр. Ахэр егупсысыркъым я машинэм ис лIыжь-фызыжьхэр, сабийхэр, бзылъхугъэхэр гугъу зэрыгагъэхьым. ЯжеIи еплъыт: «Мыр си машинэщ, уигу иримыхьмэ, лъэсу кьэпкIухьыну ухуитщ,» - аращ я жэуапыр.

УФ-м и Къэрал Думэм закон кьищтащ. Ар, пэжыр жыгIэнщи, тутынафэхэм ягу ирихьыркъым, ауэ тутын Iугъуэр зыхуэмышэч куэд щыгуфIыкIащ. А законым ипкъ иткIэ, къэрал Iуэхущапlэхэм, жылагъуэ транспортым, гъущI гъуэгу, автомобиль вокзалхэм, нэгъэущI щIыпIэхэми тутын ущефэ хъунукъым. А хабзэр кьызэпыыдудэм кьуэдыщхуэ ятын хуей хъунущ.

- Сэ зэи згъэунэхуакъым тутыныр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зэрымысэбэныр фIыуэ сощIэри, - жеIэ республикэ онкологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Мыкъуэ Мурат. - Пэжщ, абы дихьэхам дежкIэ тутыныр хьIбдзэжьныр гугъущ, ар я жьым имылъмэ, зыгуэр кьахуэту кьащохуэ. Ауэ псоми ящIэну сыхуейт абы узыфэ шынагъуэ куэд кьызэрищIэр.

Къэрал Думэм и законыр щIыхухэм яГъэзэщIэну пIэрэ, хьэмэрэ Горбачев фадэм ебэныну зэрыхуежьам хуэдэу кьыщIидаужьну? Уегупсысмэ, нэхъыщхьэр кьызэротхьэкъуну мылъкым и инагъэ ракъым, атIэ абы дкIуэд узыншагъэрщ. Ар зэхащIыкIын хуейщ тутыныр зи Iэпэгъу псоми.

СОКЪУР Жамболэт.

Зывгъэдахэ

Iэфы икIи сэбэп

Дахагъэмрэ щIалагъэмрэ пхуэхьумэнущ уи хадэм кьыщыкI пхъащхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм кьыхэпщIыкI щыхуэнхэмкIэ, Нэхъыщхьэр ахэр кьэбГьэсэбэпынрэ зебГьэсэнырщ. Унэм ущIэсу пхуэзхэ льхьэнущ уи напэм, Iэм, щыIэм сэбэп хуэхьун кремхэр.

Псалъэм папщIэ, ахьшIэшхуэ зытекIуадэ кремыфIхэм нэхърэ зыкIи мыпэжьыкIэ щыхуэнхэр кьыпхухощыкI мыIэрысэм.

Ижь-ижьыж льандэрэ бзыльхугъэхэм зэрызагъэдахэ сэхуэсэплъэр мыIэрысэм кьыхащыкIыу щыгащ. МыIэрысэ тхуэунщIэрэ щэрэ эхалъхьэрти, Iупэлэ кьыхащыкIыр. Абы кьэкIыгъэ зэхуэмыдэхэр халъхьэрэ нэхъ ягу ирихь плъыфэр кьрагъащIэжьыр. МыIэрысэм кьыщIэгъэжа псымкIэ я щIыфэр, я напэр яльэщIыр.

МыIэрысэм укьегъэщIэрэщIэж, напэ зэльам зрегъэльэщIыж, щхьэщыр щIу дахэ ещI. Абы папщIэ а пхъэщхьэмыщхьэм и псыр е мыIэрысэ серчэ псыкIэ зэрыхауэ махуэ кьэс уефэн, мыIэрысэ нэхъыбэ пшхын хуейуэ аращ.

Напафэр кьрагъащIэрэщIэжу куэдым кьагъэсэбэп мыпхуэдэ щыхуэныр: зы мыIэрысэ ботхъущIри, зы джэдыкIэ серчэ псыкIэ зэрыхауэ махуэ кьэс уефэн, мыIэрысэ нэхъыбэ пшхын хуейуэ аращ.

Напафэр кьрагъащIэрэщIэжу куэдым кьагъэсэбэп мыпхуэдэ щыхуэныр: зы мыIэрысэ ботхъущIри, зы джэдыкIэ серчэ псыкIэ зэрыхауэ махуэ кьэс уефэн, мыIэрысэ нэхъыбэ пшхын хуейуэ аращ.

Напафэр кIэрыбогъэль, иужькIэ псы хуабжьэ ботхъэщIыж.

Чэнджэщхэр

Къабзэу щытын папщIэ

зэрыжьыщIэ порошок бжэмышхитIрэ нашатыр спирт бжэмышхрэ хыбобкIэри, хьыданыр абы хэпщIэурэ болъэщI. НужькIэ хьыдан гъущэкIэ утолъэщIыхьыж.

* * *

АЛЭРЫБГЪУР фае хьуамэ, плъыфэ дахэ кьыщтэжьынущ, псым лимон кислотрэ щыгъурэ хэлъу плъэщIмэ.

* * *

ТХЫЛЪТЕБЗЭМ Iэпапlэ кьытенамэ е зыгуэр теткIуамэ, серчэкIэ бГьэкьэбзэж мэхъу.

Хъуэхъуэхэр

И ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрыркIыр нбэ егъэлъапIэ Хэжь Роза Мухьэмэд и пхъум

Ди анэ лъапIэ, уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. Сыт щыгъуи уи цIэр фIыкIэ ираугъу кьекIуэкIащ, дэпэкIи уи пщIэр лъагэу, уи узыншагъэр быдэу, уи щIэмгуфIэр кьрихьу, дэрэжэгъуэр уи бэу илъэс куэдкIэ Тхьэм утхуигъэпсэу.

Уи щхьэгъуэ Азрэталийрэ уи бынхэмрэ.

Блий Борис итхъу Маритэ дохъуэхъу

Фокiадэм и 13-м уи ныбжьыр илъэс 50 зэрыркъуамкIэ, Маритэ, ди гуапэу дынохъуэхъу. Уи уафэр кьащхъуэрэ уи щIылъэр щхъуантIэу, нэмысрэ щыхубз насыпрэ уи куэду, Iыхьлыхэм пщIэ кьыпхуащIрэ узыхэт гупым фIэлIыкI ущIэу, гухэхъуэр уи бэрэ узыщIэхъуэпс псоми уи Iэрлъэпсу иджыри илъэс куэдкIэ Тхьэм ди ялэ уригъэт.

ПэщIэдзэ еджапIэ - сабий гъэсапIэ №77-м и лэжьакIуэхэр.

Теплъэгъуэхэр

Дахагъэм и уэрэд.
Сурэтыр **КЪАЗДЭХЪУ Азэмэт** *трихащ.*

Псэущхьэхэм ятIэухуауэ

- Уралым щыIэ «Таежна» совхозым и зэмхэм ящыщ зым кьыпхуха шкIэм бжьакъуищ тетт.
- Таджикистрэм щыпсу кьуангъуэ гъэрым бжьакъуиплI зытет чыцI яIэщ.
- Лондон кьалэм щыпсэу Ираклидис Ирис и хьэм и пьагагъыр метрым щIегъу, и хьэпьагъыр килограмми 155-рэ мэхъу.
- Джэду нэхъ ин дыдэр щыпсэу р Австралиеирц. Ильэсипщ зи ныбжь джэдум и хьэпьагъщ килограмм 23,3-рэ. Дунейм щынэхъ цIыкIу дыдэу ятхащ США-м щыщ Форбс Катрин и джэдур. Абы и пьагагъыр сантиметр 7, и кIыхьагъыр сантиметр 19 хьууэ арат.

ГъэщIэгъуэнщ

Гушыlэхэр

Щхьэгъусэ сиIэкъым

И щхьэр зыгуэудауэ сымаджэщым кьаша щIалэм медесстрар йоупщI:
- Уи цIэ-унэцIэр?
- Дадийхэ сарейщ, си цIэр Къамболэтщ.
- ЩIхьэгъусэ уиIэ?
- Хьэуэ. Автомобиль зэжьэхэуэм сыхэхуауэ аращ.

Си ныбжьэгъуэхэр кьыздэIэпыкъуащ

Милиционерыр кьигъэувыIа машинэм дэсым йоупщI:
- Дауэ уефауэ рулым уэрэдыдэIысхьар?
- Си ныбжьэгъуэхэр кьыздэIэпыкъуащ, - итащ абы жэуап.

Кьитум нэхърэ нэхъыбэ

- Жэм къэфщэхуауэ жаIати, сыгуфIащ, - жреIэ цIыхубзым и гъунэгъум. - ШIэ дапщэ кьащIэкIрэ?
- Литрипщ.
- Дапщэ пщэрэ?
- Литр 12.

Шынэкъэрабгъэ

- Си анэщхуэр шынэкъэрабгъэщ, - жеIэ щIалэ цIыкIуам.
- Дауэ кьызэрыпщIар? - щIоупщIэ и адэр.
- Гъуэгур щызэпыдупщIым деж, лъэныкъуитIымкIи мапльэри, гужьеяуэ си Iэр кьеубыд.

Фэ фщIэрэ?

Къэкlыгъэцlэхэр

Гуащэщхьэц - гладиолус
Джэрджэм - жимолость
Епэр - фиалка
Къатхьэнсулыкьуей - барбарис
Къэлэрудэгу - ландыш майский
Мэжджытжыг - сирень
Мащхьэущей - рябина
Пэлъауэ - лютик
Пкьынэ - бальзамин
Сэтэней - лабазник
Шынэ-шынэ - ромашка

Айога

Цыкlухэм папщIэ

Ла ипхъу Айога нэхър нэхъ дахэ яхэттэкъым самархэ. Хьыджкэбэ цIыкIр и Iыхьлы псоми фIыуэ кьалъагъурт. Абыхэм ящыщ зым зэгуэрым жеIэ Айога нэхър нэхъ дахэ хэкум имыдсу.

Ар зэхэпыха Айога куэдрэ гъуджэм иплъэу щIедзэ, икъукIэ зыфIэдэхэжу.

Зэми йоплъэ щIуужу лъэщIа тас джабэм, зэми йоплъ псы кьабзэм кьищ и сурэтым.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ щхьэхынэ дыдэ мэхъу хъыджкэбэ цIыкIур, зэплъыжьын фIэкIа, нэгъэущI зыри кьыфIэмыIуэхужу.

Зэгуэрым абы и анэр кьоджэ:
- КIуэн псы кьэхь, Айога.
- Псым сыхьхуэнущ, - жи хъыджкэбэ цIыкIум.
- Кьуацэр убыди, уэхъуэнкъым, - жи анэм.
- Кьуацэр кьищIыкIынущ, - ет жуаап Айога.
- Кьуацэ ихъ быдэIуэ убыд.
- Си Iэр кьритхьынущ.
- Iэлъэ зыIэрыгIагъэ, - жи анэм.
- Iэлъэр зэфIэтхьынущ, - жи Айога, и нэкIум и дахагъэм гъуаплъэ тасышхуэмкIэ еплъыжьэру.
- ЗэфIэтхъмэ, мастэ кьэщIтэнщи, бдыжьищ, - жи анэм.
- Мастэр кьутэнущ.

Нанай тауырыхъ

- Мастэпэбдз кьащтэ, - жи анэм.
- Си Iэпэм хуэунущ, - жи Айога.
- Фэ Iэпхъуалъэр зыIэрытIагъэ, - жи анэм.
- Фэ Iэпхъуалъэр мастэпэбдзым иугъуэнынущ.

А псалъэмакъым я гъунэгъу хъыджкэбэ цIыкIур кьрохьэлIэ.

- Сэ идкьынсту кьыфхуэсхьынщ псы, - жеIэри, щIопхъэри псы кьехь.

Анэм тхьэ епщри, лэкъум егъажъэ, бахъэр кьыщхьэщихьу.

Лэкъумэр хьэщIр зэрыхъуу, Айога мэлъаIуэ:
- Кьыгэт лэкъум, - жи.
- Пщтырщ лэкъумыр, уи Iэр исынущ, - жи анэм.
- Iэлъэ зыIэрыстIэгъэнщ.
- Iэлъэхэр псыфщ.
- ЩIэсхьынщи, дыгъэпскIэ згъэтынущынщ.
- Iэлъэхэр кьурэ хъынущ.
- Iэкlэ сIуэтурэ згъэщэбжынщ.

Уи Iэхэр игъэузынущ, - жи анэм. - Сыт улажьэу Iей зыщIэпщIыжьнур? Сэ лэкъумыр мы ди гъунэгъу хъыджкэбэ цIыкIум естмэ, нэхъыфIкъэ?

Арати, дэкъумыр я гъунэгъу хъыджкэбэ цIыкIум иритащ.

Айога зигъэгуэрри, псыхъуэмкIэ жащ, псым кьыхэщи и сурэтым еплъу увыжащ. Я гъунэгъу хъыджкэбэ цIыкIури кьэжIуауэ лэкъум хуабэр ирегъэкIуэри щыгщ, кьэплъу. Айога абы хуеплъэкIнурэ и пщэр кIыхьу хэкIащ.

- Мэ, щхы лэкъум. СыщIыхь уи гутъэ? - жи я гъунэгъу хъыджкэбэ цIыкIум.

Айога нэхъри кьогубжь, зыгъэрихьэ кьыГуэщIну щIедзэ. И Iэхэр еукъуэдий. И Iэхъуамбэхэр щIэзэгуихкIэ и IитI укьуэдияри щIнупскIэу щIедзэри, ахэр зы напIэзыпIэм дамэ мэхъу.

- Сыхъуейкьым сэ зыри, - жи Iэу кIийуэрэ, Айога псым хохуэри кьаз мэхъу.

Псым тесу здесыхьи кIийуэ щIедзэ:
- Ей, сыту сыдахэ сэ, сыту сыдахэ!

И анэдэлъхубзэр щыгъупщэжьху псым есащ Айога. Зы псалъи кьэмыIуэ щыгъупщэжащ.

ТхьэIухудым щымыгъупщэжу кьэнар и цIэ закъуэрщ.

Аращи, иджы щыIэу блэкIыу зэрилъагъуу мэкIий:
-Ай-о-га! Ай-о-га!

ЗэрыдзэкIар
НАЛО Заурщ.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жуаап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорэу Щоджэн Iин *(1, 4-нэ нат.),* Табиф Динарэ *(2 ,3-нэ нат.),* корректорхэм я дэIэпыкъугъэу Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и технологиер яшIащ* ГъукIэлI Рае, ЩакIуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №2707

Псалъэжьхэр

Аргъуэйри асльэным токIуэ

Акъылыншэр шым тебгъэтIысхьэмэ, и адэр кьицIыхьжькъым.

Къумыкъу.

Губзыгъэр зэрыпсалъэм нэхъыбэрэ мэдаIуэ.

Осетин.

ЛIыгъэр пфIэкIуэдмэ, псори пфIэкIуэдащ.

Балькъэр.

Аргъуэйри асльэным щытекIуэ щыIэщ.

Абхъаз.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **5.** КьБР-м щIыхь зиIэ и артист ц гушыlэмрэ ауанымкIэ театрым и унафэщI. **6.** СССР-м футболымкIэ и чемпион, спортым и мастер, адыгэлI. **9.** Бынунэмрэ зыхэпсэукIыну абы иIэмрэ. **11.** Совет Союзым и Лыхъужь адыгэлI. **12.** Адыгэ уэрэдыжь. **15.** Къуаргъ лъэпкь. **17.** Гъатхэм пасэу, уэс тель щыкIэ, кьыхэкI удз гъэгъа щыкIу. **18.** Адыгэхэр грекхэм зэреджэ. **19.** Идар Темрыкъуэ зипхъу нэхъыщIэ, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта. **20.** ... кьэгъаи, кьолъэIу кьаиэ (псальэжь). **24.** Щоджэнщыкlу Алий и «Къаботрэ Лацэрэ» романым хэт хьыджкэбэ. **25.** Зэрагъэнэху Iэмэпсымэ. **26.** Тунисым и Меджлисым, ТыркIэм и Правительствэм я унафэщIу щыта адыгэ маршал. **29.** СССР-м хэта республикэхэм ящыщ зым нэхъыбэу щыпсэу славян лъэпкь. **30.** Щоджэнщыкlу Алий и поэмэ. **31.** ШэкI, кьинэмыщIхэр кьызыхащыкI кьэкIыгъэ. **33.** УФ-м и цIыкIуб артист, Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ кьэбэрдей кьрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **34.** Шэджыхьэщ Хьэмыщэ и роман.

Кьехьу: **1.** Кавказым щыIа, тетхыхьа, епщыкIубгъуанэ лIэщыгъуэм псэуа урыс усакIуэщхуэ э. **2.** УФ-м щыхь зиIэ и артисткъ, «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэ пашэу щыта, Идар Темрыкъуэ и ипхъу Гуащэнэ и фэеплIыр зытращIыкIа. **3.** УФ-м щыхь зиIэ и артисткъ, кинофильмэ щыщ кьудым щыщыгуа адыгэ цIыхубз. **4.** Зыгуэрым и пщэ ирапльэ Iуэху. **7.** Iутlыж Борис и пьесэ. **8.** Шэрджэх тхакIуэ Уэхъутэ Абдулькъ и тхылъ. **10.** КьБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балькъэр кьрал м ыкIэ театрым и уэрэджьIакIэ э. **13.** Гъатхэм нэхъ пасэу кьэльэтэж, дахэу уэрэд кьиэшыу кьуалэбзэу мыин. **14.** Щоджэнщыкlу Iэдэм и тхылъ. **16.** Сценэм хуэщIауэ тха литературэу Iэмэпсымэ. **18.** Ху плъыжь лъэпкь. **21.** Римский-Корсаков и оперэ. **22.** Адыгэхэм кьагъэхъуа шы лъэпкIыфI. **23.** Макъамэ кьыIэрыгъагъкI музыкэ Iэмэпсымэ. **27.** Радиом, телевиденэм я лэжьакIуэ. **28.** Къэбэрдеим и нужьрей адыгэпщ уэлий. **31.** Дыгъэм и нур. **32.** КьБР-м и цIыхубэ сурэтыщI.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Фокiадэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **1.** Идар. **3.** Апажэ. **6.** Нало. **10.** Пащты. **13** Махьшэ. **16.** Тут. **18.** Хьет. **19.** Атэлькъ. **20.** ПсыпщIэ. **23.** Иlэгъэ. **24.** Едзыгъуэ. **26.** Льей. **27.** Чым. **28.** Мэлъырыб. **29.** Хра. **33** Ныш. **34.** БгъэIупIэ. **36.** Бжьыхьэ. **38.** Арх эт. **39.** «ЖылакIэ». **41.** Ауз. **42.** Сос. **43.** Асмык. **45.** Уэтэр. **47.** Хьунэгу. **48.** Кьундет. **49.** Амыщ.

Кьехьу: **2.** Алып. **4.** Пщы. **5.** Жэм. **7.** Аиз **8.** Хьэту **9.** Батэ. **11.** Ашэмэз. **12.** Тхыдэ. **14.** Аисое. **15.** Шапсыгъ. **17.** Талий. **18.** Хьэбэч. **21.** Псыхъуэудэ. **22.** Альтуд. **25.** Емышэ. **30.** Абхъаз. **31.** Жэщхэс. **32.** «ДыгъанIэ». **33.** Нэжэс. **35.** Лысты. **36.** Бжьыхьэ. **37.** Жанэ. **40.** Хъусин. **43.** Анэ. **44.** Щам. **45.** Уае. **46.** Рим.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Ныбжьэ Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-мохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм щэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ.

ЗЫМУРЫ-ЩЫТЫКЪЫМ.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIи я пащ дольщ КъБР-м федералынэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкIуэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIихабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцим и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.